ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№59 (24.965) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ЗэпыщIэныгъэхэр Къэзан щагъэбыдэ




**Мы махуэхэм Тэтэрстаным щокIуэкI «Урысей - Ислъам дуней: KazanForum» дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэр. Абы и лэжьыгъэм хэтщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и унафэщIыр Къэзан лъэтащ зэкъуэш щIыналъэхэм нэхъ пасэу зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ нэгъабэ яутIыпща рейс занщIэм тет кхъухьлъатэмкIэ.**

«ТЭТЭРСТАНЫМ и къалащхьэм щызэхуэсащ къэралищэм щIигъум, апхуэдэуи къанэ щIагъуэ щымыIэу Урысейм и щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр. «Урысей - Ислъам дуней: KazanForum» дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэр иужьрей илъэсхэм хъуащ Урысей Федерацэмрэ ислъам дунейм щыщ къэралхэмрэ яку дэлъ сатуэкономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр щагъэбыдэ щIыпIэ, - щитхащ КIуэкIуэ Казбек Максым щиIэ напэкIуэцIым. - Программэм хэтщ Iуэхуи 150-м щIигъу ирагъэкIуэкIыну. Ахэр епхащ экономикэмрэ инвестицэхэмрэ, бжыгъэр зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэм, къэралхэр зэдэлэжьэным. Си мурадщ гъэлъэгъуэныгъэхэм зыщызгъэгъуэзэну, «Урысей - Ислъам дуней» стратегие гупым и зэIущIэм, «Картэм къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэм щегъэжьауэ зыужьыныгъэм хуэкIуэу: технологие, мылъку жэрдэмхэр зэгъэуIуныр» зэхыхьэм, нэгъуэщIхэми сыхэтыну».

«Урысей - Ислъам дуней: KazanForum» XVII дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хыхьэу къызэрагъэпэща «Урысей - Оман» бизнес-зэIущIэми хэтащ ди республикэм и Iэтащхьэр. Урысейм и лIыкIуэхэм я пашэу абы щыIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Маратрэ Тэтэрстан Республикэм и УнафэщI (Раис) Минниханов Рустамрэ. ЗэIущIэр щекIуэкIащ «Казань Экспо» гъэлъэгъуапIэ центрым. Абы хэтащ урысей, оман министерствэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, компание пажэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ урысей-оман зэпыщIэныгъэхэм, къапщтэмэ, къэралитIыр экономикэм зэрыщызэдэлэжьэнум.



КъБР-м и Iэтащхьэр зэхуэсышхуэм и етIуанэ махуэм яIущIащ Тэтэрстаным и Къалэхэм зегъэужьынымкIэ институтым и лIыкIуэхэм. А институтым и лэжьакIуэхэр яужь итщ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэмрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм къедза щIыпIэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным.

«А унэтIыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрми гулъытэшхуэ щыхудощI, абы хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэпыдгъэуркъым, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Ди къуэш щIыналъэм абы и лъэныкъуэкIэ Iэмал гъэщIэгъуэнхэр къегъэщхьэпэ, абыхэми щыгъуазэ зысщIащ. Сэбэпынагъ нэхъыбэ къызыпэкIуэхэр ди республикэми зэрыщыхэтпщэ хъунум дыхэплъэнущ».

«Урысей - Ислъам дуней» Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм пыщIа гупым и зэIущIэр ирагъэхьэлIащ ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 щрикъум. Жылагъуэ дипломатие IэнатIэм хыхьэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар, аращ зыубзыхур Урысей Федерацэмрэ Ислъам зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэмрэ я зэпыщIэныгъэр зыхуэдэнур.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр щытепсэлъыхьыжащ Максым щиIэ напэкIуэцIым.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



## Терроризмэм щэнхабзэр и бийщ

2-нэ нап.



## Зэрызэмыщхьырщ щIэщыгъуэ зыщIыр

3-нэ нап.



## ЩIэныгъэлI, журналист цIэрыIуэ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



## Адыгэ цIыхубз уэрэдыжьхэм я пшыхь

12-нэ нап.

# ЗэпыщIэныгъэхэр Къэзан щагъэбыдэ




*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

«Гупыр Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ 2006 гъэм. Абы зэкъуегъэувэ Урысеймрэ нэгъуэщI хэку 25-мрэ щыщ къэрал, дин, жылагъуэлэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэмрэ дипломатхэмрэ. Абыхэм я зэдэлэжьэныгъэм и тегъэщIапIэщ муслъымэнхэр щыпсэу къэралхэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным икIи пщIэ зэхуэщIынымрэ псоми ди зэхуэдэ фейдэ зыхэлъ Iуэхухэр дэгъэкIынымрэ хуэунэтIащ.

УФ-м и вице-премьер Хуснуллин Марат къеджащ Урысейм и Президентым зэIущIэм хэтхэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм. Къэрал унафэщIым абы къыщыхигъэщащ Урысеймрэ ислъам дунейм хыхьэ хэкухэмрэ я зэпыщIэныгъэм и лъабжьэу щытыр псоми ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр, ди щэнхабзэхэм, зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхухэм я зэмылIэужьыгъуагъэм пщIэ яхуэщIыныр, ди къэкIуэнур зэпIэзэрыту щытыным дызэкъуэту дызэрыхуэлажьэр зэрыарар.

ЗэIущIэм хэтхэм апхуэдэу псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Тэтэрстан Республикэм и Iэтащхьэ (Раис) Минниханов Рустам.

Зэхыхьэм щызэпкърахащ зэдэлэжьэныгъэм ехьэлIа социально-экономикэ къалэнхэр икIи щIалэгъуалэ политикэм, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ яхуэгъэза Iуэхухэм зэреплъхэмкIэ зэдэгуэшащ. Къыхалъхьа жэрдэмхэр, шэч хэмылъу, хуэщхьэпэнущ Урысейм, абы хыхьэ щIыналъэхэмрэ муслъымэнхэм я къэралхэмрэ я фейдэ хэлъу зэрызэдэлажьэр нэхъри гъэбыдэным.

# Терроризмэм щэнхабзэр и бийщ

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым накъыгъэм и 13-м щекIуэкIащ «Щэнхабзэр терроризмэм и бийщ» зэIущIэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм**.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ цIыху нэхъыбэ хашэным республикэр зэрытелажьэр, ар къайхъулIэнымкIэ псом япэр щIыналъэр мамыру щытыныр зэрыарар. Абы жиIащ щIэблэр егугъуу ягъэсэн, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ драгъэхьэхын, Хэкур фIыуэ ялъагъуу къагъэхъун зэрыхуейр.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым щэнхабзэмкIэ министерствэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ УФ-м терроризмэм щыпэщIэтыным теухуауэ яубзыхуа Iуэхухэр (2024 - 2027 гъэхэм ятещIыхьауэ) гъэзэщIэным зэрегугъум папщIэ. Абы къыхигъэщащ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр гъэбыдэнымкIэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, терроризмэм пэщIэтыным и IуэхукIэ щэнхабзэм и къарур зэрыиныр, нэхъыжьхэм къытхуагъэна псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, хабзэхэр псом хуэмыдэу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм зэрахъумэфынур.

- 1945 гъэм нацизмым кIэ еттауэ ди гугъащ, арщхьэкIэ ноби ди нэгу щIокI я щхьэр къызэраIэтар. Абы хэщIыныгъэшхуэ къызэрытхуихьар, ди къэралым щыщу цIыху мелуан 27-рэ, дуней псом щыщу цIыху мелуан 60-м щIигъу зэрыхэкIуэдар зыщыдгъэгъупщэркъым. Псори къыщежьэр нэгъуэщI лъэпкъхэм лъагъумыхъуныгъэ хуиIэнырщ. Абы и щапхъэщ Германием, Италием щыпсэу лъэпкъхэр я теплъэкIи тхыдэкIи нэгъуэщIхэм ефIэкIыу къызэралъытар, ахэращ мыхъумыщIагъэхэм щIэдзапIэ яхуэхъури, - жиIащ Къуэшырокъуэм. - Иужьрей илъэс 30-м дыщIапIыкIащ лъытэныгъэрэ шыIэрэ тхэлъын, гъунэгъур мыхъумыщIэми зыхэтщIыкIын зэрыхуейм. ШыIэми мардэ иIэн, зи щхьэ къэзыIэт нацизмым, лъапIэныгъэхэм ебакъуэм, щIэпхъаджащIэ зылэжьым упэщIэтын хуейщ. Щхьэхуитыныгъэмрэ хуитыныгъэмрэ къызэрырамыдзэм къыпэкIуащ нацизмыр къэщIэрэщIэжыныр. Украинэм ар зыхуэкIуар псоми ди нэгу щIэкIащ. Урысейр абы пэщIэтщ. Жылагъуэр зэкъуэзычыну зи мурад бийм дыпэщIэувэу ди щIыналъэм, къэралым мамырыгъэр щызэтетIыгъэным, лъэпкъхэм ди зэхуаку пщIэ, шыIэ дэлъыным, лъапIэныгъэхэр тхъумэным мыхьэнэшхуэ яIэщ. ЗэрытщIэщи, ди жылагъуэмрэ лъэпкъхэмрэ ди зэкъуэтыныгъэрщ, унагъуэ лъапIэныгъэхэм демыпцIыжынырщ ди къару нэхъыщхьэр. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм хэлъхьэныгъэ хуащIыфынущ мамырыгъэр хъумэным. Нобэ ди нэгу щIокI ди щIалэхэм ди къэралыр зэрахъумэр. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я сурэтхэр щагъэлъагъуэ «Уахътыншэ полк» Iуэхум псори дыхэтщ. Иужьрейм къыхыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда щIалэхэм я сурэтхэр зыIыгъ адэ-анэхэр. Ари «Уахътыншэ полк» Iуэхум хуэбгъадэ хъунущ. Дауэ хъуми, дэтхэнэ зы унагъуэми дзэ Iуэху хэхар къылъэIэсащ.



Къуэшырокъуэм жиIащ нобэ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр, ди хабзэхэмрэ лъапIэныгъэу къэтлъытэхэмрэ зэрытхъумэным дызэрыхущIэкъур, ар зи жагъуэ ди бийхэм Урысейр зэкъуачын папщIэ лъэпкъхэр дызэщагъэIеин е дин IуэхукIэ хьэргъэшыргъэ дыхадзэн мурад зэраIэр. Абы щIигъужащ хъыбар нэпцIхэм защытхъумэным и мызакъуэу, ар щIалэгъуалэм ягурыдгъэIуэныр ди къалэну зэрыщытыр.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Жамболэт ягу къигъэкIыжащ терроризмэм пэщIэтын папщIэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ гулъытэ хэха хуащIын, бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъума зэрыхъунум быдэу трагъэщIэн зэрыхуейр, абы и IуэхукIэ Урысейм и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувар зэрыщхьэпэр. Гергоковым къыхигъэщащ гъунапкъэ зимыIэ, мамыр цIыхухэри зыфIэмыпсэкIуэд а мыхъумыщIагъэм дыпэщIэтынымкIэ ди щIыналъэм и къару нэхъыщхьэр мыбы щыпсэу лъэпкъ 40-м щIигъур зэкъуэтыныр зэрыарар.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъахэм жаIащ щIалэгъуалэр экстремист гупсысэхэм пэIэщIэ хъунымкIэ тхыдэр къызыхэщыж, гъунапкъэ зимыIэ гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм щыгъэгъуэзэным мыхьэнэ зэраIэр, сыт хуэдэ зэманми лъапIэу къэнэж гуапагъэр, захуагъэр щIэблэм зыхегъэщIэнымкIэ ахэр Iэмалыфlу икIи мыхъумыщIагъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ зэрыпэщIэт Iэщэу къызэрынэжыр. НыбжьыщIэхэр республикэм и театрхэм щекIуэкI спектаклхэм, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм, концертхэм еплъыну, цIыхубэ уэрэдыжьхэм едэIуэну, тхылъ еджэну, литературэ зэпеуэхэм я зэфIэкI щеплъыжыну Iэмал етын хуейщ, сыту жыпIэмэ, гъуазджэр, дахагъэр зыхэзыщIэхэр щIэпхъаджащIэхэм къагъэпцIэфынукъым.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъа дин лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ щIэблэр диным щIапIыкIын, зым и фIагъым адрейм щапхъэ трихыу, гуапагъэ ялэжьу, хьэрэмыгъэншэу, мыхъумыщIагъэр зэхагъэкIыфу ягъэсэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и секторым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Гъут Iэдэм, лъахэхутэ Котляровэ Марие, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Чыхумахуэ ФатIимэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я дэIэпыкъуэгъу «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и унафэщIым и къуэдзэ ПщыхьэщIэ Ахьмэд, зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэм я библиотекэм и унафэщI Хьэмдэхъу Жаннэ, Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ефэнды Терезэ, нэгъуэщIхэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Зэрызэмыщхьырщ щIэщыгъуэ зыщIыр

**Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым накъыгъэм и 14-м щыпащащ «Кинокавказ-2026» V кинофестивалым. Илъэситlым зэ екlуэкl а lуэхугъуэр 2018 гъэм къызэригъэпэщащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр и дэlэпыкъуэгъуу. Абы къэрал 16-м, Урысейм щыщу щlыналъэ 65-м я лlыкlуэхэр хэтщ.**

УЗЭIЭБЭКIЫЖРЭ фестивалым и тхыдэм уриплъэжмэ, ар щрагъэжьа 2018 гъэм лэжьыгъэ 35-рэ къаlэрыхьауэ щытамэ, мы гъэм абы и бжыгъэр 600-м нэсащ. Къэпщытакlуэхэр хэплъа нэужь, фильм нэхъыфlу 70 къыхахащ кинофестивалым щагъэлъэгъуэну.

Утыкум ирагъэблэгъащ къэпщытакlуэ гупым хэтхэу УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ центрым фестиваль унэтlыныгъэмкlэ и унафэщl, актёр, продюсер, оператор, кинорежиссёр Симухин Антон (Москва), анимацэ проектхэм я арт-унафэщl, художник Метельский Станислав (Москва), киновед, редактор, режиссёр Черджиевэ Индирэ, кинорежиссёр, сценарист Эфендиев Гаджимурад (Дагъыстэн), тхакlуэ, сценарист, литературнэ редактор Чекмаев Сергей (Москва), тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат, документальнэ кинохэм я продюсер Кочеляевэ Нинэ (Москва), режиссёр, актёр, сценарист, продюсер Мармонтов Андрей (Москва), УФ-м щlыхь зиlэ и артист Соколов Андрей (Москва), УФ-м щlыхь зиlэ и артист, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Шыбзыхъуэ Басир (КъБР), Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым режиссурэмкlэ и къудамэм и унафэщl, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ Шэрджэс Мухьэмэд (КъБР), УФ-м и Журналистхэм, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, «One Light Studio» студиер зыгъэлажьэ режиссёр Iэзэ, этнограф Ерокъуэ Бишер (КъБР), режиссёр, сценарист, урыс, хамэ къэрал саугъэтхэм я лауреат, къэпщытакlуэ гупым я унафэщl Калинин Виталий (Москва), нэгъуэщlхэри.

● Щэнхабзэ





Фестивалыр пресс-конференцкlэ ирагъэжьащ. Абы къэпщытакlуэ гупым хэтхэр къыщытеувыlащ иджырей кином и зыужьыныгъэм теухуа я lуэху еплъыкlэхэм. Къэпсэлъахэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ иужьрей илъэси 10-м кином гулъытэ нэхъ щыхуащl Тэтэрстаным, Башкирием, Кавказ Ищхъэрэм, Красноярск, Къуэкlыпlэ Жыжьэ, Калининград щlыналъэхэм яlэ хъуа зэфlэкlыр иджы зэрынэрылъагъум, абыхэм лъэпкъхэм я щэнхабзэ къулейр, щыlэкlэ-псэукlэр зэрызэщхьэщыкlыр къызэрагъэлъагъуэр. Калинин Виталий киношколхэм я гугъу щищlым къыхигъэщащ абыхэм я фlыгъэкlэ щlыналъэхэм зэфlэкl щызиlэ lэщlагъэлlхэм гу зэрылъатэнур, ауэ зэрырагъаджэ программэхэр егупсысауэ зэхэгъэувэн, щlалэгъуалэм щlэныгъэ зыбгъэдэлъ егъэджакlуэ яlэн зэрыхуейр.

- Къэпщытакlуэ гупым хэтхэр къевгъэхьа фильмхэм тфlэгъэщlэгъуэну деплъащ. Лэжьыгъэхэм я фlагъыр къэплъытэну гугъут, кинематографие щlэныгъэр зэхуэдэкъыми. Ауэ лэжьыгъэхэр щlэщыгъуэ зыщlыр ахэр зэрызэмыщхьырщ, - жиlащ Калинин Виталий.

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолэ къытеувыlащ зэфlэкl зиlэхэр къэгъэнэlуэнымкlэ, абы къекlуэлlахэр зэчэнджэщынымкlэ фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриlэм, куэдым ар lэщlагъэм и лъагапlэм хуэзышэ lэмал зэрахуэхъунум.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим зэхыхьэм и хьэщlэхэм фlэхъус гуапэ яриха нэужь, къыхигъэщащ къэралым кинематографие къулей зэриlэр, псом хуэмыдэу щlалэгъуалэм я щlыналъэхэм теухуа лэжьыгъэ щlэщыгъуэхэр утыку къызэрырахьэр. Кинофестивалым хэтхэм ар ехъуэхъуащ зэlущlэ гукъинэжхэр, щхьэпэхэр къехъулlэну, зэфlэкlрэ ехъулlэныгъэрэ яlэну.

- ЩIыналъэ киноми и зыужьыныгъэмрэ кинематографист щlалэгъуалэм ядэlэпыкъунымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэ зэрыхуищlыфынум дрогушхуэ. Кинофестивалым хэт куэдым ар зэрахуэщхьэпэнум, я зэфlэкlхэр къызэрыщызэкъуахынум шэч къытесхьэркъым. Зэхыхьэр ди щlыналъэми зэрыщекlуэкlыр дэрэжэгъуэ къыдэзытщ, гуфlэгъуэщ, - жиlащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Зэхыхьэм ягу къыщагъэкlыжащ кинофестивалыр зэфlэувэным, абы зиужьыным зи зэфlэкl хэзылъхьахэм ящыщу дунейм ехыжахэр. Я цlэр къраlуащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщlу щыта, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэта, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, «НОТР» телеканалыр зея, «Кинокавказ» кинофестивалым и къэпщытакlуэ гупым хэта Вэрокъуэ Владимир, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, музыкант, профессор, лъэпкъыбзэ зэпеуэхэм я лауреат Мыд Мадинэ, нэгъуэщlхэми.

Кинофестивалыр къызэlуаха нэужь, япэу ягъэлъэгъуар Колиев Анатолэ и «Семь чёрных бумаг» драмэ фильмырщ. Хэку зауэшхуэм теухуа, цlыхубэм я лlыхъужьыгъэр, шыlэныгъэр, хьэлэлагъыр къыщыгъэлъэгъуэжа лэжьыгъэр къазэрыщыхъуам тепсэлъыхьыжащ икlи абдеж фильмым хэта артистхэм щаlущlащ.

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм, республикэм и къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ, оркестр, ансамбль нэхъыфlхэм кинофестивалым хэтхэмрэ абы къекlуэлlахэмрэ я нэгу зрагъэужьащ. Балъкъэр Ипщэ къуажэм нобэ щагъэлъэпlэнущ абы хэтахэмрэ абы къыхэжаныкlахэмрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● УФСБ-м къет

## И гъащIэр лъэхъуэщым щихьынкIэ хъунущ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыlэм и лэжьакlуэхэм, хабзэншагъэкlэ наркотикхэкlхэр игъэкlыным пэщlэт lуэхухэр ирагъэкlуэкlыу, къызэпаудащ щlыпlэм щыпсэу цlыхуитlыр акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр республикэм къиишэным зэрыпыщlар.**

ХАБЗЭМ къемызэгъыу ирагъэкlыну наркотикхэкl грамм 1169-м щlигъу къытрахащ.

Уголовнэ lуэху къаlэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ lыхьэм, 228.1 статьям и 5-нэ lыхьэм япкъ иткlэ. Хабзэм къызэригъэувымкlэ, апхуэдэ щlэпхъаджагъэ зылэжьам и гъащlэр лъэхъуэщым щихьыну ягъэтlысынкlэ хъунущ.

*Гу зылъытапхъэ*

## ПхъэнкIий дэзышыну IуэхущIапIэщIэ къызэрагъэпэщ

**Кlэрыхубжьэрыху быдэхэр, пхъэнкlийхэр дэшыныр зи пщэрылъ lуэхущlапlэщlэ - «Экотехпром» МУП - къызэрагъэпэщащ. Абы и лэжьыгъэм щlедзэ 2026 гъэм накъыгъэм и 16-м щегъэжьауэ.**

ПХЪЭНКIИЙ дэшыныр нэхъапэм зи пщэ дэлъа «Экологистика» ООО-м и къалэнхэр зэригъэзэщlэнур дыгъуасэ иухащ. Абы дащlауэ щыта зэгурыlуэныгъэ, контракт псори къагъэлъэгъуа пlалъэм ирихьэлlэу якъутэжынущ икlи «Экотехпром» МУП-м щlэрыщlэу иращlылlэн хуейщ.

Гу лъывэдгъэтэнут зэгурыlуэныгъэщlэхэр 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16 пщlондэ зэращlылlауэ щытын зэрыхуейм. Мэкъуауэгъуэ мазэм хуэзэ ахъшэхэр щатынур бюджет къалэнхэр «Финансы» АЦК-м зэрыщатхам и щыхьэт тхылъ яlэмэщ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяствэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Журавлев Андрей мы зэхъуэкlыныгъэхэм ятеухуа зэlущlэ иригъэкlуэкlащ дыгъуасэ. Журналистхэр зыщlэупщlахэм я жэуапхэм, lуэхущlапlэщlэм и лэжьыгъэр къызэрызэригъэпэщыну щlыкlэм щыгъуазэ фызыщlыну тхыгъэ зыубгъуа ди газетым и къыкlэлъыкlуэ къыдэкlыгъуэм тетынущ.

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 16,** *щэбэт*

♦ **Биографхэм я махуэщ**

♦ **1808 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакlуэ **Хъан-Джэрий СулътIан**.

♦ **1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Щхьэгъэпсо Таужан**.

♦ **1957 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакlуэ, экономикэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щlыхь зиlэ и экономист **Къалэ Замир**.

♦ **1961 гъэм** къалъхуащ уэчыл, КъБР-м щlыхь зиlэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкlэм балли 5-кlэ зихъуэжынущ.

**Накъыгъэм и 17,** *тхьэмахуэ*

♦ **Электросвязымрэ хъыбарегъащIэ зэгухьэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦ **Лъы дэуей узыфэм ебэнынымрэ и дунейпсо махуэщ**

♦ **Пульмонологым и махуэщ**

♦ **1848 гъэм** къалъхуащ Адыгейм щыщ тхыдэдж, узэщlакlуэ **Хьэджымыкъуэ Темтэч**.

♦ **1917 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкур илъэс куэдкlэ зыгъэбжьыфlа, Урысей Федерацэм и цlыхубэ артисткэ **ДыщэкI КIунэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкlэм балли 4-кlэ зихъуэжынущ.

**Накъыгъэм и 18,** *блыщхьэ*

♦ **Музейхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ **Хъуэкlуэн Хьэзрэталий**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэмкlэ кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щlыхь зиlэ и агроном **ХьэщIэлI Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкlэм балли 4-кlэ зихъуэжынущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 32-рэ: 13-р хъыджэбз цlыкlущ, 19-р щlалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 22-рэ: 11-р хъыджэбз цlыкlущ, 11-р щlалэщ.

Накъыгъэм зэрыщlидзэрэ щlыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 317-рэ, илъэсым и пэщlэдзэм щегъэжьауэ 3320-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ lущыгъэ:

**ФIыуэ плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ.**

# ЩетIысэхат Джэрмэншык Iуащхьэм пэмыжыжьэу

**Аруан щIыналъэм хыхьэ Джэрмэншык жылэр зэрытIысрэ мы гъэм илъэси 100 ирокъу. Дауэ ар къызэрыхъуар, сыт хуэдэ гъуэгуанэ къикIуар? А упщIэхэм я жэуапхэр къыщывгъуэтынущ Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ЛIУП Нурхьэлий «Адыгэ псалъэм» щхьэкIэ игъэхьэзыра мы тхыгъэм**.




КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и ЦИК-м 1924 гъэм и фокIадэм и 10-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, Щхьэлыкъуэ къуажэм хэIэпхъукIри, ТIуащIэкIэ зэджэ щIыпIэм 1926 гъэм и гъатхэпэм унагъуи 146-рэ жылэ щхьэхуэу щытIысащ. Абы пэмыжыжьэу къыщыт Джэрмэншык Iуащхьэм и цIэри фIащащ.

Совет властыр щагъэувым, къулейхэм къытраха щIыр щыпIэхэм трагуашэрти, Щэрданхэрэ Алътэдыкъуэхэрэ яйуэ щытар Щхьэлыкъуэм лъысат. Ауэ ар къуажэм километр 30-м нэблагъэкIэ пэжыжьэт. ЩIым елэжьыну кIуэхэм гъуэгум зэман куэд трагъэкIуадэрт. Аращ къыщежьар къуажэ щхьэхуэр ягъэтIысыным унафэ тещIыхьыным и Iуэхур. Апхуэдэ унафэр и лъабжьэу а зэманым жылагъуэ зыбжанэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.

1925 гъэм и бжьыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIымкIэ и къулыкъущIапIэм и инженер Попов Николай, Iэпхъуэхэм ящыщу Дзагуэ Хьэжпагуэ, КIыщокъуэ МамытIэ, Куэшмэн Ибрэхьим, Молэ Алий, Щоджэн Лъостэнбэч сымэ жылэр здэтIысынур яубзыхури, уэрамитIу зэпачащ.

КъыкIэлъыкIуэ гъэм и гъатхэм къуажэр къэтIысащ. Ахэр унагъуи 154-рэ, цIыхуу 743-рэ, лъэпкъыу 54-рэ хъурт. КъыщыIэпхъуа гъэм къуажэдэсхэм мылъкуу, былыму яIар мащIэ дыдэщ. Псори зэхэту шыуэ 66-рэ, выуэ 73-рэ, жэми 139-рэ, мэлрэ бжэну 98-рэ, шыщIэу 21-рэ, шкIэуэ 114-рэ, выгуу 36-рэ, шыгуу 40 ябгъэдэлъауэ аращ. Жылэр зэрытIысхьар шэдылъэт, баналъэт, къуацэ-чыцэти, абыхэм я гъэкъэбзэным къаруушхуэ текIуэдащ.

ЗэIыхьлыхэр, зэгъунэгъуу щытахэр зэгъусэу тIысахэщ, зыдэс хьэблэм езыхэм я цIэхэр фIащыжурэ (Щэрдан хьэблэ, Къуныжьей, Лукэцей, Даутыкъуей). Мы зэманым жылэр унагъуэ 861-рэ мэхъу, цIыхуу 4441-рэ щопсэу.

Ауэрэ къуажэ колхозыр район зэпеуэхэм къыщыхэжанык Iыу хуежьащ. 1934 гъэм мэкъумэшыщIэхэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдри, Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр ахъшэ саугъэт щIыгъуу къыхуагъэфэщащ Джэрмэншыкым. Колхозым къуажэм и псэукIри дефIакIуэрт. 1937 гъэм езым и электростанц иригъэжьати, унагъуэ псоми токыр яIэрыхьэрт, радиор щылажьэрт. Илъэсым чырбышу минищэ, кхъуэщыну мин 28-рэ къыщыщIагъэкI завод, щIакхъуэ гъэжьапIэ, бохэмрэ чэтхэмрэ колхоз правленэмрэ къуажэ советымрэ я унэхэр, сабий гъэсапIэ, еджапIэ, тыкуэн, нэгъуэщIхэри яухуат.

Куэд дэмыкIыу къуажэдэс щIалэгъуалэм егъэджакIуэхэр къахэкIащ. Апхуэдэт Ажийхэ Сэлмэнрэ Мыхъутаррэ, Къашыргъэ ХьэпащIэ, ЛIуп Хьэзешэ, Шыджынэ Къазджэрий сымэ, нэхъ иужьыIуэкIэ Тау Борис, КIыщокъуэ Iэдэм, ПщыхьэщIэ Къубатий, ХъутIэ Хьэжмусэ, Мудрэн Назир, Семэн Билал, Хъутат КIэуэс, Къашыргъэхэ Кулизаррэ Кашифрэ. Ахэр махуэм школым щылажьэрт, пщыхьэщхьэкIэрэ колхозхэтхэм еджэкIэ, тхэкIэ ирагъащIэрт.

1926 гъэм сабийхэр щеджар Нэгъуей Хьисэ и унагъуэрщ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым КIыщокъуэ Исуф и гуэщ пэшырщ. Япэ егъэджакIуэу щытар Борисов Федорщ. Куэд дэмыкIыу къуажэдэсхэм я къарукIэ школ яухуэри, абы ягъэIэпхъуэжащ. 1936 - 1937 гъэ еджэгъуэм абы и унафэщIу лэжьар Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа Къардэн Къубатийщ. А зэманым пэщIэдзэ школыр классиблу щытащ, 1954 гъэм илъэсипщI еджапIэ ящIащ.

1935 гъэм и гъатхэпэм мэкъумэшыщIэхэм я зэхуэс Налшык къалэ щекIуэкIам колхозхэтхэм я уставыр къыщащтащ. Абы хэтащ Джэрмэншыкым и лIыкIуэхэу Ажий Линэ, Жэрыщты Хьэмид, Апажэ Тат, Балъкъыз ХьэкIуринэ, Дзагуэ Блинэ, Лий Гуагуэ, КIыщокъуэ Нэкурэ, МафIэдз Хьэжмусэ, МыгъуэлI Жамырзэ, Щоджэн Шэризэт, ЛIуп Данил, ХъутIэ Хьэжысмел сымэ.

Къуажэм и ныбжьыр илъэс 15 зэрырикъур ягъэлъэпIэну зыщыхуагъэхьэзыр дыдэм Хэку зауэшхуэм мамыр гъащIэр къызэтрикъутащ. Къэралыр псэзэпылъхьэпIэ бзаджэм щихуэм, жылэм щыщу щIали 176-м Iэщэ къащтащ. Абы щыгъуэ къуажэр зэрыхъур унагъуэ щитIт. Япэ махуэхэм фронтым кIуахэм ящыщщ къуажэ Советым и тхьэмадэ Ажий Мурадин, колхозым и парт организацэм и секретарь Хьэщыкъуей Зырамыку, комсомол секретарь Жэрыщты Адэлбий, колхозым и бухгалтер нэхъыщхьэм и къуэдзэ Соблыр Хьэжмурат, колхозхэт пашэхэу Къардэнхэ Мухьэбрэ Тамбийрэ, Соблыр зэкъуэшхэу Чэлимэт, ТIитIэ, Мусэ, Шыджынэ зэшхэу Бий, Залым, Шагъир, Хъэлилэ, КIужхэ я къуэхэу Хьэзешэ, ХьэмтIутI, Хьэжсет, Мэзхэ Хьисэрэ Хьидрэ, Хъутатхэ Нанурэ Жэбагъырэ, Щоджэнхэ Исуф, Мухьэмэтмырзэ, ФIыцIэ, Хьэжсет сымэ. Куэд дэмыкIыу зауэм Iухьащ Совет властыр гъэувыным жыджэру хэтахэу МыгъуэлI Жамырзэрэ ЛIуп Данилрэ. МыгъуэлI Жамырзэ фIэкIа къэмынэу, адрей зи цIэр къитIуахэр хэкIуэдащ. Фронтым кIуа щIали 176-м ящыщу 95-р къелакъым, зауэм и мафIэ лыгъэм хисхьащ. ЦIыхубз 58-рэ фызабэу, сабии 127-рэ зеиншэу къэнащ.

Я щхьэгъусэхэмрэ я къуэхэмрэ фронтым щыIухьэм, лIыжь-фызыжьхэр, цIыхубзхэр, сабийхэр абыхэм я пIэ иуващ. Пщащэ ныбжьыщIэхэу Жэрыщты Мадинэ, Къардэн Жанпагуэ, Молэ Жанпагуэ, Мэз Марусэ, Тау Лолэ, Шыджынэхэ Бабышэ, Зэрэтин, Хьэщыкъуэй Женэ сымэ тракторым зыхуагъасэу, жэщ-махуэ ямыIэу губгъум итт. НыбжьыщIэхэр Iуэхум трагъэгушхуэу, нартыху къызэрыдач чы матэхэр ящIу, шэмэдж, фIанэ хуэдэхэр ягъэжану лэжьакIуэ гупхэм яхэтт зи ныбжьыр хэкIуэта нэхъыжьыфIхэу Балъкъыз МатIэ, Къардэн ТIалиб, Мэзыхьэ Ибэ, ЛIуп ТIалиб, Борэн Болэт, Мудрэн ТIахуэ, Шыджынэ Хьуд, нэгъуэщIхэри.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къуажэм къыдыхьащ. Ахэр зэрыдэса мазитIым кърикIуэу уней мылъкууи колхозым ейуи куэд ягъэкIуэщIащ, жылэм и ГЭС-ри, гъавэ хъумапIэхэри, бригадэ унэхэри, Iэщ псэуалъэхэри зэхакъутащ. ИужькIэ къэрал къэпщытакIуэхэм къызэрабжамкIэ, фашистхэм къуажэм хэщIыныгъэу кърататам сом мелуани 5-рэ мин 281-рэ 354-рэ хуэзэрт. Абы щыщу мелуани 3-рэ мин 981-рэ 354-рэ колхозым и мылъкут.

ЦIыхум хуэмыхьын жыхуаIэм хуэдэт Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр. Абыхэм къакIэлъыкIуа гъэхэри нэхъ тынштэкъым. Псори мэжэщIалIэт, щыгъыныджэт, ауэ бий бзаджэм зэрытекIуам я лъэр жан дэхъужат, гугъэ къахилъхэжати, еужьэрэкIыу псэукIэщIэр зэтраухуэжырт. Колхозыр къаIэтыжыным жыыми щIэми я гуащIэ халъхьэрт. Къызэгъэпэщак Iуэ Iэзэхэу, фIэлIыкI зиIэхэу а зэманым зыкъагъэлъэгъуащ къуажэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэу, колхоз тхьэмадэу лэжьахэу Семэн Хьэмзэт, ХъутIэ Хьэжысмел, парт организацэм и секретару щытахэу Къашыргъэ ХьэпащIэ, Апажэ Хьэжмурид, Хьэщыкъуей Мухьэмэд, къуажэ Советым и Iэтащхьэхэу ТIэхъу Гъумар, Джыназ Музэчыр, бригадирхэу, учетчикхэу ПIатIырэ Темыржан, КIэрэф Хьэжмурат, Брай Хъусен, Бекъазы Iэмин, Щоджэн Данил, ЛIупхэ Хьэбас, Хьэжысмел, Къардэнхэ Башир, Албэч, Апажэ Мыш, Жэрыщты ЖэбрэIил, фермэ унафэщIхэу МафIэдз Хьэжмэстафэ, КIэрэф Хьэжмурат сымэ. 1953 гъэм колхозым и тхьэмадэу хахащ Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта, партым и Налшык райкомым и секретарь ХъутIэ Хьэжмусэ. Ар къыщалъхуа жылэм илъэс пщыкIузкIэ хьэлэлу хуэлэжьащ.

А лъэхъэнэрщ колхозым нэхъ зыкъиужьыжу щыхуежьар, къуажэдэсхэм псэупIэ унэу 200-м нэблагъэ щаухуар. Илъэс 20-м щIигъукIэ хозяйствэм и унафэщIу лэжьа МыгъуэлI Къарэкъан и къулыкъум щыпэрыхьа 1964 гъэм щегъэжьауэ Джэрмэншыкым нэрылъагъуу зиужьу, цIыхум я псэукIэр ефIакIуэу хуежьащ. Колхозым и мылъкукIэ жылэм дащIыхьащ тIысыпIэ 400 зиIэ ЩэнхабзэмкIэ унэ екIу, сабий гъэсапIэ, хьэмэм, гъавэ хъумапIэ, жэм 800-м хуэщIа бо, джэдкъаз, Iэбгъэ, жэмыщIэ, шкIэ, шы фермэхэр, правленэмрэ къуажэ Советымрэ я унэ зэтетыр, узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэр, нэгъуэщIхэри яухуащ. ЦIыхухэм газыр хуашащ, унагъуэ 200-м щIигъум телефон хуагъэуващ. 1972 гъэм колхозым къыфIащащ «ЩIымрэ Iэщымрэ фIагъ лъагэ иIэу зезыхьэ хозяйствэ» цIэ лъапIэр.

Гъавэ щIэнымкIэ, къэралым ещэнымкIэ илъэситхум (1971-1975 гъ.гъ.) къыпэщыта къалэныр и пIалъэр къэмысу зэригъэзэщIам къыхэкIыу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ 1976 гъэм мазаем и 19-м «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденыр «Джэрмэншык» колхозым къыхуагъэфэщащ. Абы иращIэкIа гуфIэгъуэ пшыхьым хэтат КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь Кульбаев Мухьэжыр, республикэм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэ Къущхьэ КIыщыкъуэ, партым и Аруан райкомым и япэ секретарь КIуэкIуэ Валерэ, районым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Къандэхъу Мухьэрбий щIыналъэ мэкъумэш IэнатIэм и Iэтащхьэ Жэмбей Хъусен, къуажэхэм, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Я ехъулIэныгъэхэм папщIэ а зэманым колхозхэт 14-м орденхэмрэ медалхэмрэ къратащ. Колхозым и тхьэмадэ МыгъуэлI Къарэкъанрэ жэмыш пашэ Мэз Уэлийрэ Ленином и орденыр къыхуагъэфэщащ.

1986 гъэм Балъкъыз Замир хозяйствэм и унафэщIу хахри, илъэси 8-кIэ а IэнатIэр ирихьэкIащ. А зэманым кърикIуэу гъавэмкIи, гъэшымкIи, лымкIи колхозым къыпэщытахэр хъарзынэу игъэзэщIащ. Гулъытэ хуащIырти, цIыхухэр зэхьэзэхуэу лажьэрт, жылэми пщIэ игъуэтырт.

КъыкIэлъыкIуэу а къулыкъум тетащ ХъутIэ Валерэ, Къущхьэ Анатолэ, Балъкъыз Башир, ХъутIэ СулътIан сымэ. Ауэ хозяйствэм ехъулIэныгъэ гуэри иIэжакъым. Къэрал дамыгъэ лъапIэр зезыхьэ колхозыр лъэлъэжащ. 1954-1990 гъэхэм я кIуэцIкIэ, ди цIыхухэм я лэжьыгъэфIым папщIэ, диплом, щIыхь тхылъ зэмылIэужьыгъуэу 100-м щIигъу, Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр - пщIэнейрэ, Ленинyр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум и къэрал тхылъыр (Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу мы зы колхозырщ ар зыхуагъэфэщар) хозяйствэм къратащ.

1985 гъэм ирихьэлIэу дэ диIащ трактору 40, комбайну 16, автомашинэу 35-рэ, Iэщу минитIым щIигъу, шыуэ 200-м нэблагъэ, зы махуэм гектар 450-рэ псыкIэ зэрагъэнщI «Фрегат» Iэмэпсымэхэм хуэдэу 8.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым къыщыхалъхьауэ щыта «зэхъуэкIыныгъэм» колхозыр дэкIуэдащ, «лъэрымыхь хъуащ» жаIэри, и мылъкур зэбграхащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, апхуэдиз илъэскIэ ар зыгъэбэгъуа нэхъыжьыфIхэм зы соми ялъысыжакъым. Аращ «демократие» нэпцIым къыдэунэхуа Iуэху зехьэкIэ мыхъумыщIэм, «сату щIэкIэ» мыгурыIуэгъуэм дызыхуашар. Къэнэжар 1976 гъэм колхозым и мылъкукIэ яухуа къуажэ администрацэр зыщIэс унэ закъуэращи, ари ящащ, адрей псэуалъэхэри абы дэкIуащ.

КъикIуа илъэси 100-м кърикIуэу дэу къуажэм къыдэкIащ жылэр зэрыгушхуэ щIэныгъэлIхэр, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэшхуэ щызиIэ цIыху щэджащэхэр, нобэрей гъащIэм щыжыджэрхэр. Абыхэм ящыщщ еджагъэшхуэхэу Балъкъызхэ Михаил, Замир, Залым, Къарэмырзэ Барэсбий, Джыназхэ Борис, Жыраслъэн, Соблырхэ Мухьэрбий, Хьэсэн, МафIэдз Сэрэбий, КIыщокъуэ Хьэтау, ЛIупхэ Мурадин, Сэфарбий, Къардэн Алик, КIэрэф Мурат, ГъукIэпщокъуэ Мурат, Къулым Риммэ, Дзагуэ Рустам, Ажий Валерэ, Къумыкъу Темболэт, Щоджэн Руслан, Семэн Аслъэн, тхакIуэ Къашыргъэ ХьэпащIэ, композитор Молэ Владимир, цIэ лъапIэхэр зезыхьэхэу Бекъазы Iэдэм, ЛIуп Анатолэ, Мэз Сусаннэ, Щоджэнхэ Комунар, Хьэжмусэ, Жэрыщты Мухьэмэд, МыгъуэлI Хьэту, Мэзыхьэ Алексей, «РСФСР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» дамыгъэр зыхуагъэфэщахэу Ажийхэ Лусэ, Аленэ, Къарэмырзэ Заурбэч, Джыназ Владимир, Кхъуэныхь Зое, Макаровэ Марие, Къэрэщей Зое, Соблыр Любэ, Къумыкъу Анфисэ, Тэрчокъуэ Валерэ, ЛIупхэ Сэлэдин, Хьэужан, Нурхьэлий, Шыджынэ СэфрэIил, ХъутIэ Анастасие, Щоджэн Зое. Къуажэ школым къыщIэкIахэм къахэкIащ щIэныгъэхэмкIэ доктору 9, кандидату 22-рэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник ЛIуп Риммэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я Совет Нэхъыщхьэм и Президиумхэм я щIыхь тхылъхэр къызрата колхозхэтхэу Балъкъыз Лолэ, Молэ Зое, Чыл Хьэужан, Апажэ Хьэлимэт, Брай Хъусен, Лий Цицэ, МыгъуэлI Хъусен, ЛIупхэ Хьэфисэт, Хьэжмурат, Семэн Борис, Щоджэн Данил, 1967 - 1971 гъэхэм КъБАССР-м, 1980 - 1985 гъэхэм РСФСР-м я Совет Нэхъыщхьэм я депутату щытахэу Хъутат Тамарэ, ПIатIырэ Хьэужан, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэу Ажий Валерэ, Джыназ Владимир, ЛIуп Нурхьэлий, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэу Ажий Валерэ, Балъкъызхэ Михаил, Замир, Башир, ЛIуп Анатолэ, Къущхьэ Анатолэ.

«Джэрмэншык къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр зезыхьэ Къашыргъэ ХьэпащIэ, Тэхъу Гъумар, МафIэдз Сэрэбий, МыгъуэлI Къарэкъан, ЛIуп Нурхьэлий сымэ къуажэм зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным куэд халъхьащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ**.

## Мэрем, накъыгъэм и 22

**1**

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.40 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 Что? Где? Когда? (16+)
22.55 «Команды» (16+)
23.55 Х/ф «КНИГА РЕШЕНИЙ» (18+)
01.45 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
17.00 Прямой эфир (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Поймай меня, если сможешь» (12+)
23.35 Х/ф «БЕЗ КОЛЕБАНИЙ» (16+)
03.20 Х/ф «ПОДРУГИ» (16+)

**НТВ**

04.50, 09.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (12+)
20.00 Т/с «ИЗВОЗЧИК» (16+)
22.15 Т/с «ГЕНИЙ» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.10 «Квартирный вопрос» (0+)
03.00 Х/ф «НЕ БОЙСЯ, Я С ТОБОЙ! 1919» (16+)

**ЗВЕЗДА**

04.20 Х/ф «ЖИВЫЕ И МЕРТВЫЕ» (16+)
08.00 «Легенды искусства». «Иван Айвазовский» (12+)
08.30 «Любовь на линии огня». «Любил, люблю и буду любить» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.20 «Ищу своих» (12+)
10.10 «Мужики». «Снайпер штурмовой группы «Лэба» (16+)
10.40 «Специальный репортаж» (16+)
10.55 «По горячим следам» (16+)
11.10, 13.25, 15.05 Т/с «ПОДЛЕЖИТ УНИЧТОЖЕНИЮ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.20, 17.15 Х/ф «28 ПАНФИЛОВЦЕВ» (16+)
19.40 «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Нож в спину Германии» (12+)
20.30 «Война миров». «Битва технологий. Советская программа «Зенит» против американских разведспутников» (16+)
21.20 «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 «Музыка+». «Гори, гори, моя звезда!» Заслуженный артист РФ Игорь Ливанов» (12+)
00.50 Х/ф «ОПЕКУН» (16+)
02.15 Х/ф «ПОХИЩЕНИЕ «САВОЙИ» (16+)
03.45 Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)

**РОССИЯ К**

06.30 Д/ф «Престольный праздник. День Николая Чудотворца»
07.20 Легенды мирового кино
07.50 Д/ф «Вильгельм Первый. из бастардов в завоеватели»
08.50 Х/ф «ОБРАТНОЙ ДОРОГИ НЕТ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.45 Новости культуры
10.15 Шедевры старого кино
13.00 Д/ф «Вильгельм Первый. из бастардов в завоеватели»
13.55 «Острова»
14.35 Х/ф «ОБРАТНОЙ ДОРОГИ НЕТ» (16+)
15.45 Энигма
16.30 Письма из провинции
17.15 Оркестр и хор Нижегородского театра оперы и балета имени А.С. Пушкина
18.00 Царская ложа
18.40 Academia. К 85-летию со дня рождения Наталии Басовской
19.45 Д/с «Искатели»
20.35 «Острова»
21.15 Х/ф «ЧЕЛОВЕК С АККОРДЕОНОМ» (16+)
22.45 «2 Верник 2»
00.00 Х/ф «РОДИТЕЛИ СТРОГОГО РЕЖИМА» (16+)
01.20 Д/с «Искатели»
02.05 Д/ф «Роман в камне»
02.35 М/ф «Шут Балакирев»

**МАТЧ!**

06.00 «Команда мечты» (12+)
06.30 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 14.55 Новости
07.05, 11.35, 15.00, 23.40 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Небесная грация» (6+)
10.30 Профессиональный бокс. П. Сосулин - В. Нагбе. Winline. IBA.PRO 15. Трансляция из Санкт-Петербурга (16+)
12.35 «По домам. Мирослав Ромащенко» (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 «Неизвестные страницы Кубка мира» (12+)
16.30 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
19.25 Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Единая лига ВТБ. 1/2 финала. Прямая трансляция
21.20 Хоккей. Швеция - Италия. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Швейцарии
00.40 Гандбол. ЦСКА - «Ростов-Дон» (Ростов-на-Дону). Чемпионат России. Суперлига. Женщины. Финал (6+)
02.10 Д/с «Шахматные партии Холодной войны» (16+)
02.55 Автоспорт. Чемпионат России. Moscow Raceway. SMP Formula 4 (6+)
03.55 Новости (0+)

## Щэбэт, накъыгъэм и 23

**1**

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, 12.00 Новости
10.15 Д/ф «Достояние республики». К 170-летию Третьяковской галереи (12+)
11.10 «Вспомнить все» (12+)
12.15 «Наше все. Сделано в России» (12+)
13.05 Т/с «ШИФР» (16+)
17.05 «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
18.00 Вечерние новости
18.20 «Сегодня вечером» (16+)
21.00 «Время»
21.35 КВН. Высшая лига (16+)
23.55 Х/ф «ЛУНАТИКИ» (18+)
01.30 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

05.00 Утро России. Суббота
08.00 Местное время. Суббота
08.35 «По секрету всему свету»
09.00 «Формула еды» (12+)
09.25 «Пятеро на одного»
10.10 Сто к одному
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «Наши. Военкоры» (12+)
12.00 «Доктор Мясников» (12+)
13.00 Большие перемены
14.30 Вести. Местное время
14.50 «Аншлаг и Компания» (16+)
17.50 «Привет, Андрей!» (12+)
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «ЗАПАСНАЯ ЖЕНА» (16+)
00.40 Х/ф «КРАЙНЯЯ НЕОБХОДИМОСТЬ» (16+)

**НТВ**

04.50 Х/ф «БОМЖИХА» (16+)
06.20 «Жди меня» (12+)
07.20 «Смотр» (16+)
08.00, 10.00, 16.00 «Сегодня»
08.20 «Неограниченные возможности» (16+)
09.20 «Едим дома»
10.20 «Главная дорога» (16+)
11.00 «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
12.00 «Квартирный вопрос» (0+)
13.00 «Сатья» (16+)
14.00 «Поедем, поедим!» (16+)
15.00 «Своя игра» (0+)
16.20 ЧП. Расследование (16+)
17.00 «Следствие вели...» (16+)
19.00 «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
20.20 «Ты не поверишь!» (16+)
21.20 «Звезды сошлись» (16+)
23.00 «Импровизаторы» (16+)
00.00 Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
01.45 ЧП. Расследование (16+)
02.15 «Дачный ответ» (0+)
03.10 Х/ф «ДЕНЬ ОТЧАЯНИЯ» (16+)

**ЗВЕЗДА**

05.05 Х/ф «САДКО» (16+)
06.30 Х/ф «ДОБРО ПОЖАЛОВАТЬ, ИЛИ ПОСТОРОННИМ ВХОД ВОСПРЕЩЕН» (16+)
07.40 Х/ф «Я ХОРТИЦА» (16+)
09.00, 13.00, 19.00 Новости дня (16+)
09.15 «Второе мнение» (12+)
09.45 «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
10.35 «Не факт!» (12+)
11.05, 13.20 Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ РЕЗИДЕНТА» (16+)
14.20 Х/ф «КОНЕЦ ОПЕРАЦИИ «РЕЗИДЕНТ» (16+)
17.25, 19.25 Т/с «ЖАЖДА» (16+)
21.55 Х/ф «ЧЕРНЫЕ БЕРЕТЫ» (16+)
23.35 Х/ф «28 ПАНФИЛОВЦЕВ» (16+)
01.25 Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ» (16+)
03.10 Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)
04.40 Х/ф «ДОБРО ПОЖАЛОВАТЬ, ИЛИ ПОСТОРОННИМ ВХОД ВОСПРЕЩЕН» (16+)

**РОССИЯ К**

06.30 Библейский сюжет
07.05 М/ф «Мультфильмы»
08.10 Х/ф «НЕ ОТДАВАЙ КОРОЛЕВУ» (16+)
10.35 Мы - грамотеи!
11.15 Х/ф «ЧЕЛОВЕК С АККОРДЕОНОМ» (16+)
12.45 Д/с «Земля людей»
13.15 Черные дыры. Белые пятна
13.55 Эрмитаж
14.30 Д/ф «В королевстве краснощеких муравьев»
15.25 Рассказы из русской истории
16.35 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.05 Х/ф «ДВЕНАДЦАТАЯ НОЧЬ» (16+)
18.35 Линия жизни
19.30 Новости культуры
19.45 Д/ф «Старшая сестра». Любите ли вы театр?»
20.25 Х/ф «СТАРШАЯ СЕСТРА» (16+)
22.00 Агора
23.00 Х/ф «МЕЛОДИИ ВЕРИЙСКОГО КВАРТАЛА» (16+)
00.40 Д/ф «В королевстве краснощеких муравьев»
01.35 Д/с «Искатели»
02.20 М/ф «Мультфильмы для взрослых»

**МАТЧ!**

06.00 Бокс. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США
07.25, 08.25, 12.05 Новости
07.30, 12.10, 15.40, 21.00, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
08.30 Легкая атлетика. Международный полумарафон «ЗаБег. РФ». Прямая трансляция
10.30 Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Москвы (6+)
11.35 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
13.15 Хоккей. Латвия - США. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Швейцарии
16.55 Баскетбол. ЦСКА - «Локомотив-Кубань» (Краснодар). Единая лига ВТБ. 1/2 финала. Прямая трансляция
18.55 Футбол. Прямая трансляция
21.50 Футбол. Прямая трансляция
01.00 Бокс. Кубок Победы. Трансляция из Оренбурга (16+)
02.55 «Вы это видели» (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Регби. ЦСКА - «Динамо» (Москва). Кубок России. 1/4 финала (12+)

## Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24

**1**

06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Играй, гармонь любимая! (12+)
06.55 «Часовой» (12+)
07.25 «Здоровье» (16+)
08.30 «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
09.10 «Непутевые заметки» (12+)
09.30 «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
10.15 «Жизнь других» (12+)
11.10 «Повара на колесах» (12+)
12.15 «Будем жить!» (16+)
13.10 «Видели видео?» (0+)
14.20 Х/ф «ФИНАЛ» (16+)
16.05 Д/ф «Больше чем золото» (0+)
17.00 «Команды» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.00 «До Ре» (12+)
21.00 «Время»
23.00 «Большая игра» (16+)
00.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

05.30 Х/ф «АЛЛА В ПОИСКАХ АЛЛЫ» (16+)
07.20 «В кругу друзей»
08.00 Местное время. Воскресенье
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
09.25 «Утренняя почта» с Николаем Басковым
10.10 Сто к одному
11.00, 14.00, 17.00 Вести
11.50 Д/с «Рассказы из русской истории. «Потемкин. О роли личного в истории»
12.55 Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
14.30 Вести. Местное время
15.00 «Веселые ребята» (16+)
17.50 «Песни от всей души» (12+)
20.00 Вести недели
22.30 Москва. Кремль. Путин
23.00 Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
01.40 Д/с «Рассказы из русской истории. «Потемкин. О роли личного в истории»
02.40 Х/ф «АЛЛА В ПОИСКАХ АЛЛЫ» (16+)

**НТВ**

04.45 Х/ф «БОМЖИХА-2» (16+)
06.40 «Центральное телевидение» (16+)
08.00, 10.00, 16.00 «Сегодня»
08.20 «У нас выигрывают!» (12+)
10.20 «Первая передача» (16+)
11.00 «Чудо техники» (12+)
12.00 «Дачный ответ» (0+)
13.00 «НашПотребНадзор» (16+)
14.00 «Однажды...» (16+)
15.00 «Своя игра» (0+)
16.20 Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
17.00 «Скандалы. Интриги. Расследования» (16+)
18.00 «Новые русские сенсации» (16+)
19.00 Итоги недели
20.20 Х/ф «САРМАТ» (16+)
00.10 Х/ф «БОЛЕВОЙ ПОРОГ» (16+)

**ЗВЕЗДА**

05.50 Х/ф «КОНТРАБАНДА» (16+)
07.15 Х/ф «ГОЛУБАЯ СТРЕЛА» (16+)
09.00 Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
09.25 «Служу России» (12+)
09.55 «Военная приемка» (12+)
10.40 «Легенды армии с Александром Маршалом». «Иван Афанасьев» (12+)
11.30 «Война миров». «Битва технологий. Советская программа «Зенит» против американских разведспутников» (16+)
12.25 «Код доступа» (12+)
13.10 Д/с «Москва фронту» (16+)
13.40 Т/с «ПОДЛЕЖИТ УНИЧТОЖЕНИЮ» (16+)
18.00 Главное с Ольгой Беловой (16+)
19.40 «Незримый бой». Д/с (16+)
23.00 «Фетисов». Ток-шоу (12+)
23.55 Х/ф «ЖИВЫЕ И МЕРТВЫЕ» (16+)
03.15 Х/ф «Я ХОРТИЦА» (16+)

**РОССИЯ К**

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.05 М/ф «Мультфильмы»
07.55 Х/ф «ПЕРВОПЕЧАТНИК ИВАН ФЕДОРОВ» (16+)
08.45 Тайны старого чердака
09.10 Диалоги о животных
09.55 Д/ф «Борис Захава. Хранитель вахтанговской школы»
10.35 Х/ф «СТАРШАЯ СЕСТРА» (16+)
12.10 Д/ф «Старшая сестра». Любите ли вы театр?»
12.55 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
13.25 Неизвестные маршруты России
14.05 Д/с «Элементы» с Алексеем Филатовым»
14.35 Больше чем любовь
15.20 Х/ф «СТАРИННЫЙ ВОДЕВИЛЬ» (16+)
16.30 Картина мира с Михаилом Ковальчуком
17.10 Пешком...
17.40 Романтика романса
18.45 Д/ф «Княгиня Дашкова. Директор российской науки»
19.30, 19.45 Новости культуры
20.25 День славянской письменности и культуры. Гала-концерт. Трансляция
22.10 Х/ф «ЧИСТОЕ НЕБО» (16+)
23.55 Диалоги о животных
00.40 Х/ф «СТАРИННЫЙ ВОДЕВИЛЬ» (16+)
01.45 Д/с «Искатели»

**МАТЧ!**

06.00 Профессиональный бокс. Ф. Тринидад - У. Джоппи. Трансляция из США (16+)
07.00, 09.00, 12.05 Новости
07.05, 12.10, 20.45, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 М/с «Команда МАТЧ» (0+)
09.25 Хоккей. Словакия - Чехия. Чемпионат мира. Трансляция из Швейцарии (12+)
11.35 «Неизвестные страницы Кубка мира» (12+)
12.55 Футбол. «Динамо» (Москва) - «Локомотив» (Москва). Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
14.55 Регби. «Локомотив-Пенза» - «Стрела-Ак Барс» (Казань). Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
17.00 Футбол. «Спартак» (Москва) - «Краснодар». Fonbet Кубок России. Суперфинал. Прямая трансляция из Москвы
21.50 Футбол. Прямая трансляция
01.00 Бокс. Кубок Победы. Трансляция из Оренбурга (16+)
02.55 Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Москвы (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Регби. «Слава МАР» (Москва) - «Енисей-СТМ» (Красноярск). Кубок России. 1/4 финала (12+)

**ОТР** ОБЩЕСТВЕННОЕ ТЕЛЕВИДЕНИЕ РОССИИ

**Блыщхьэ, накъыгъэм и 18**

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 «ЕГЭ-м теухуауэ» (12+)
6.30 «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 КъБР-м и Лъэпкъ музейр (12+)
7.40 «Ракурс». Лъэпкъ мащIэхэм ятеухуауэ (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Унэж Кашиф. Япэ Iыхьэ (12+)
8.55 «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Биссет Д. «Денди пкIауэ цIыкIур» (6+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
17.15 «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
17.30 Хабзэм къемызэгъыу жыгхэр зэрыраупщIыкIым теухуауэ (12+)
17.50 «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Унэж Кашиф. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, накъыгъэм и 19**

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор профессор Унэж Кашиф. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Шэтхъурей (12+)
7.15 «Гухэлъ уэрэдхэр». Гъатхэ концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
8.15 Хабзэм къемызэгъыу жыгхэр зэрыраупщIыкIым теухуауэ (12+)
8.35 «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
8.50 Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
17.25 Гъуазджэм теухуауэ (12+)
17.40 Шынагъуэншэ гъуэгу (12+)
18.15 «КъэкIуэнур - нобэм». СурэтыщI СэвкIуий Хьэмид (12+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, накъыгъэм и 20**

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 Гъуазджэм теухуауэ (12+)
6.25 Шынагъуэншэ гъуэгу (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «Зи IэщIагъэм хуэпэж». Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Атмурзаев Махъти (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «КъэкIуэнур - нобэм». СурэтыщI СэвкIуий Хьэмид (12+)
8.40 «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
8.55 «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Сутеев В. «МыIэрысэ» (6+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «Гухэлъ уэрэдхэр». Гъатхэ концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
17.55 «ТщIэн икIи тщымыгъупщэн папщIэ» (12+)
18.35 «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, накъыгъэм и 21**

*Адыгэхэм я щыгъуэ махуэ*

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
6.20 Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я щыгъуэ махуэщ. «МузИстория» (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «Хэкум хуэлэжьэныр къалэнщ». Граждан зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ хэта Шемякин Михаил (12+)
7.30 «КъэкIуэнур нобэрей махуэм пыщIащ». Бэрзэдж Руслан (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысей щIэныгъэлI-кавказыдж Къумахуэ Мухьэдин. Япэ нэтын (12+)
8.45 «Зэманымрэ тхыдэмрэ» (12+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
17.25 «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Михайленкэ В. (12+)
17.40 Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я щыгъуэ махуэщ. «Гум имыху гукъэкIыжхэр» (12+)
18.10 «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр». (12+)
18.30 «Хабзэр яхъумэу» (12+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, накъыгъэм и 22**

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 «Хабзэр яхъумэу» (12+)
6.25 ТВ-галерея». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сафаровэ Тамарэ (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Михайленко В. (12+)
7.20 «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысей щIэныгъэлI-кавказыдж Къумахуэ Мухьэдин. ЕтIуанэ нэтын (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр» (12+)
8.30 «Партитура» (12+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр» (12+)
17.50 КъБР-м и цIыхубэ артист, усакIуэ, композитор Амирамов Ефрем къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 23**

6.00 «НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр» (12+)
6.40 «ХьэщIэщ». Аушыджэр къуажэ (12+)
8.10 КъБР-м и цIыхубэ артист, усакIуэ, композитор Амирамов Ефрем къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
17.00 «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
17.40 «ЩIэныгъэм теухуауэ». Япэ нэтын (12+)
18.10 КъБР-м и цIыхубэ артист, усакIуэ, композитор Амирамов Ефрем къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24**

6.00 «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
6.40 КъБР-м и цIыхубэ артист, усакIуэ, композитор Амирамов Ефрем къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ фэеплъ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
7.30 «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан Хьэсэн (12+)
7.45 «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр» (12+)
7.55 «ЩIэныгъэм теухуауэ». Япэ нэтын (12+)
8.25 «Спектр». Царикаев Алан (12+)
17.00 «Маэстро». РСФСР-м и цIыхубэ артист, композитор Къардэн Хьэсэн (12+)
17.40 «ЩIэныгъэм теухуауэ». ЕтIуанэ нэтын (12+)
18.05 Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэ (12+)
18.30 «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, накъыгъэм 18**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Пшынэ Iэпэр псалъэу». КъБР-м и цIыхубэ артист, пшынауэ Къуэдз Михаил и творческэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Тхылъымрэ сэрэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** Баккуев Владимир. «Ишиме хурмет этеме» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.50** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Адыгэ пшынэ». КъБР-м и Лъэпкъ музейм гъэлъэгъуэнызгъэ къыщызэIуах (12+)
**8.40** «Зэгъусэу доджэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.30** 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.50** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Дерс нэужьым» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.15** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Ди Алий». ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ унэ-музей (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Нобэ, дыгъуасэ…». Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ ХъуэкIуэн Хь. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.45** «УзэщIакIуэ, егъэджакIуэ, усакIуэ». Шахмурзаев Саид (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Насып» ансамблыр (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, накъыгъэм и 19**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «УзэщIакIуэ, егъэджакIуэ, усакIуэ». Шахмурзаев Саид (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Ойнай-ойнай…». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.45** «ЦIыкIухэмрэ гъуэгухэмрэ». Шынагъуэншэ гъуэгу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**8.25** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**8.40** «Дюймовочка». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэщыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.35** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «ЩыIащ-псэуащ…» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Уи зэманыр». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
**18.55** «Шынагъуэншэ гъуэгу» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Урысейм щащIащ. Воскобойников Николай» (12+)
**19.55** «Къалэн». Теленовеллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Гъуэгум щызекIуэ хабзэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.20** «Парт Iуэхухэр». «Захуагъэм здэщыIэ Урысей» партыр (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, накъыгъэм и 20**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Пшынэ Iэпэр лъалъэу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Гъуэгум щызекIуэ хабзэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.50** «ЩыIащ-псэуащ…» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Парт Iуэхухэр». «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партыр (12+)
**8.30** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу» (6+)
**17.15** Адыгэхэм я щыгъуэ махуэ. «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.45** «ЦIыху гъащIэ». Хьэмдэхъу Мухьэмэд (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.30** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ГъащIэм и пшынэбзэ». УсакIуэ, тхакIуэ, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.55** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, урысей щIэныгъэлI-кавказыдж Къумахуэ Мухьэдин. Япэ нэтын (12+)
**20.30** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** Адыгэхэм я щыгъуэ махуэм ирихьэлIэу. «КъэкIуэнур нобэрей махуэм пыщIащ». Бэрзэдж Руслан (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, накъыгъэм и 21**

*Адыгэхэм я щыгъуэ махуэ.*

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** Адыгэхэм я щыгъуэ махуэ. «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Ди щIэинхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «КъэкIуэнур нобэрей махуэм пыщIащ». Бэрзэдж Руслан (12+)
**8.45** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Сурэтхэм къаIуатэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.25** «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.55** «БлэкIам щыщ теплъэгъуэхэр» (12+)
**18.15** Кавказ зауэм теухуа литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (12+)
**18.50** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, урысей щIэныгъэлI-кавказыдж Къумахуэ Мухьэдин. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Зы дыгъэ, зы мазэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Хож къызы» уэрэдыр зэратхам теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** «Фэеплъыр зэманым токIуэ». (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, накъыгъэм и 22**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. «Акъыл жанхэр». Викторинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Нарт хъыбархэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Спортым къыхэжаныкIахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Сабиигъуэм и дуней». Тырныауз дэт «Аленушка» сабий садыр (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Чемпионхэр». УФ-м дзюдомкIэ щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд (12+)
**8.35** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым игъэува «Къуажэ» спектаклыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** Басов Владимир теухуауэ (12+)
**20.30** «Си хъуэпсапIэм и лъахэ». Нэгъуей Радимэ и усыгъэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.45** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 23**

**6.00** «Си хъуэпсапIэм и лъахэ». Нэгъуей Радимэ и усыгъэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.15** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Кавказ симфоние» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.05** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**8.30** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.00** Островский А. «Праздничный сон - до обеда». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.40** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.30** «Зы уэрэдым и хъыбар» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Узэреплъщ». «Адыгэ пшынэ». Гъэлъэгъуэныгъэ. Япэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.20** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.35** «Албар». Кайтаев Магомед (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Гурэ гурэ зэрощIэ». УэрэджыIакIуэ, композитор Беппаев Сергей (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**21.15** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ». ШколакIуэхэм я телевизионнэ гуманитар олимпиадэ. Финал (12+)
**21.40** Хабзэм къемызэгъыу жыгхэр зэрыраупщIыкIым теухуауэ (12+)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Зы уэрэдым и хъыбар» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.55** ХьэтIохъущыкъуей къуэдымэз (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.25** ««Узэреплъщ». «Адыгэ пшынэ». Гъэлъэгъуэныгъэ. Япэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.55** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.15** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ». ШколакIуэхэм я телевизионнэ гуманитар олимпиадэ. Финал (12+)
**8.55** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Сутеев В. «МыIэрысэ» (6+)
**17.00** Островский А. «Праздничный сон - до обеда». Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и спектакль. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.50** ««Узэреплъщ». «Адыгэ пшынэ». Гъэлъэгъуэныгъэ. ЕтIуанэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Зыри тщыгъупщакъым». Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.55** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан Хьэсэн (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.25** «Сэ фIыуэ слъагъу уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.55** «Нартхэм я дуней». Япэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Урысей-Абхъаз щIалэгъуалэ форум». Зэхуэсыр къызэрызэIуахым и щIыхькIэ махуэшхуэ концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, накъыгъэм и 18**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Лъэпкъым и псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Тхыдэр плъыфэхэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЦIыхубзым и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.50** «ЩIыпIэ пхыдзам щыIэ музей». Худобин Иван (урысыбзэкIэ)
**15.50 - 16.00** «Усыгъэм и дакъикъипщI» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Макъамэм и дунейм» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, накъыгъэм и 19**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Пионерхэм я мафIэм деж» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Къэбэрдейр: тхыдэр, къэхъукъащIэхэмрэ хъыбархэмрэ» циклым щыщщ. Япэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Хьэх Сэфарбий. «Дыгъэм и къухьэгъуэм» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм - зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Гум имыхужхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «ЛIыхъужьым и вагъуэр ужьыхыжыркъым». Кхъухьлъатэзехуэ хахуэ КIэфо Арсен теухуауэ (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, накъыгъэм и 20**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Къэбэрдейр: тхыдэр, къэхъукъащIэхэмрэ хъыбархэмрэ» циклым щыщщ. ЕтIуанэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «ЛIэщIыгъуэ жыжьэхэм къапхыкIыу». Будаев Ахъмэт (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «УзэщIакIуэхэр». Шаханов Басият (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Дыпсэун папщIэ тщыгъупщэ хъунукъым». Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Гум имыхужхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Тенджызри гъырт…» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, накъыгъэм и 21**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Кавказ зауэр». Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Уллу хож». ЦIыхубэ уэрэдым и хъыбарыр (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Тхыдэр, гуауэмрэ псэ къабзагъэмрэ». Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я махуэм (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Хэкум къыхуэзэшу» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «И кIуэцIымкIэ укъиплъмэ». Жылэ Анатолэ (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Гум имыхужхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, накъыгъэм и 22**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Жьэгу пащхьэ». КIыщокъуэ Алим (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.50** «Кавказ щхьэц тхъуам и тхыдэ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Къызэрыфэ пшыналъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «ЦIыху щыпкъэ». Къудэбердыкъуэ Мыхьэмэт (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Къуршхэм фрагъэблагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Гум имыхужхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, накъыгъэм и 23**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Адэжь Хэку». Концерт (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Лермонтов Михаил. «Кавказ гъэр» поэмэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Театрыр микрофоным Iутщ». Гидзадзе Акакий. «Къарэмырзэ фыз къешэ» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, накъыгъэм и 18**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Тэрч щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэмрэ Инэрыкъуей къуажэмрэ я цIэхэр къызытекIам теухуа тхыдэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу (12+)
**17.30** Iэщыж Л. и цIэр зезыхьэ зауэлI щIыхьым и музей (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, накъыгъэм и 19**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и фестиваль (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Адыгэ пшынэм и фестиваль (12+)
**17.40** Адыгэ щэнхабзэ центр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, накъыгъэм и 20**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** КъБР-м ЕГЭ-м зэрызыщыхуагъэхьэзырым теухуауэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
**17.20** «ЩIыхьыр мынэхъапэу» (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, накъыгъэм и 21**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нэгъыщэ» (12+)
**17.30** Адыгэхэм я щыгъуэ махуэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, накъыгъэм и 22**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ)
**9.45** Тэрч щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэмрэ Инэрыкъуей къуажэмрэ я цIэхэр къызытекIам теухуа тхыдэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** КъБР-м ЕГЭ-м зэрызыщыхуагъэхьэзырым теухуауэ (12+)
**17.30** Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, тIасхъэщIэх Мурат С. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 23**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Былым къуажэ дэт щэнхабзэмкIэ унэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** КъБР-м ЕГЭ-м зэрызыщыхуагъэхьэзырым теухуауэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, накъыгъэм и 18**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, накъыгъэм и 19**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, накъыгъэм и 20**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, накъыгъэм и 21**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, накъыгъэм и 22**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 23**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 24**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

● ТекIуэныгъэ Иным и сэлэтхэр

# Аргудандэсхэм зэрахьа лIыгъэр

**Аргудан къуажэм хиубыдэ лъагапIэхэм ящыщ зым - Джэрмэншык Iуащхьэм - тетщ революцэмрэ Граждан зауэмрэ хэкIуэдахэм хуагъэува, вагъуэ къуапитху зиIэ фэеплъ иныр. Ди къуажэм щагъэлъапIэ дамыгъэхэм ящыщщ курыт еджапIэ №1-м и гупэм къит «Анэ лIыхъужь» фэеплъыр. Ар жылэм дэсхэм я къарукIэ ягъэуващ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу икIи къызэIуахащ а махуэшхуэр щагъэлъэпIа 1970 гъэм накъыгъэм и 9-м. А фэеплъым тратхащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ ягъэлъагъуэу хэкIуэда аргудандэс 314-м я цIэ-унэцIэхэр. Къуажэм и курыт еджапIэ №-3-м и щIыхьэпIэм деж щагъэуващ Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945гъгъ.) хэта сэлэтым и фэеплъыр.**

КЪЭРАЛЫМ, республикэм и дэтхэнэ щIыналъэми хуэдэу, аргудандэсхэм я мамыр лэжьыгъэр Хэку зауэшхуэм къызэпиудат. Къуажэм зи адэ, дэлъху, къуэш зауэм зымыгъэкIуа унагъуэ къыдэнэжатэкъым. Зи псэугъуэу, къару илъыгъуэу зэуапIэм Iухьа аргудандэс 500-м ящыщу къэзыгъэзэжар 186-рэщ.

Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта аргудандэсхэм ящыщщ Елокъуэ Хъанджэрий, Жыгунхэ Хьэсэнбий, Зырамыку, ГъэилI, ТIэхьир, Къатинэхэ Сэлэдин, Iэдин, МуIэзин, Сунш Мэсэдин, Иуан Сэфарбий, ТекIужь Щэуал, Арахъэхэ Чэмалрэ ХьэзрэIилрэ, Бжьэдыгъухэ Шэмсэдинрэ Хьэзизрэ, Жылэтэж Билъостэн, Мэшыкъуэхэ ТIатIурэ Нажмудинрэ, Къардэн Къасым, Бозий Хьэмзэт, Хъаничэ Хьид, Бахъсэнокъуэ Алий, Шэшэн Лилэ, Нэгъуей Къэралбий, Жылэтэж Къарэ, Абазэ Борис сымэ, нэгъуэщI куэди.

...1942 гъэм бийр Кавказым къебгъэрыкIуэрт. Нэмыцэхэм Дон Iус Ростов, Кубань, Ставрополь щIыналъэхэр зыIэрагъэхьауэ, чэзур зейуэ къалъыта Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуэкIуэрт.

Аргудан Iэщыхъуэхэм колхоз хъушэр Дзэлыкъуэ хъупIэхэм къыщрахужым, нэмыцэхэм Бахъсэн яубыдыну хунэсати, Iэщыр мэзым щIаубыдэу мазищкIэ щаIыгъын хуей хъуащ. Жэмбичэ Темыржан, Шыпш Жансит, БатIу ТIалэ сымэ я фIыгъэкIэ колхозым и Iэщхэр хъума хъуащ икIи 37-нэ армэм и штабым иратащ.

Фашистхэм зы къуажэм иужь иту адрейр зыIэщIалъхьэрт. Абыхэм япэщIэтын папщIэ щIыпIэ-щIыпIэкIэ партизан гупхэр къыщызэрагъэпэщырт. Абыхэм яхыхьэрт аргудандэсхэри.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м нэмыцэхэм Аргудан къуажэмрэ абы и Iэгъуэблагъэхэмрэ лагъымхэр къыхадзэурэ зэтракъутащ, цIыху куэди хэкIуэдащ: Джэдухэ Мэжид, Мадин, Марий Къэралбий, ТекIужь ЦутIэ, Суйдым Алихъан, Безыр Мадин, Бро НэIиб, Бэхъуцэ Лэкъумэн, Шэшэн Хьэмзэт, Бэджрэт Дыкъуэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэтепкъутэ хъуну псори фашистхэм Iисраф зэтращIат. Аргудан жылэр щаIыгъа пIалъэм къриубыдэу къуажэр бийм зэхадыгъуащ, яунэщIащ, колхозымрэ колхозхэтхэмрэ я Iэмыщхэ илъа псори дагъэкIуэду. Школхэм языр нэмыцэхэм гараж, адрейр - сымаджэщ ящIат.

Аргудандэсхэм фIыщIэ хуащIу ягу къагъэкIыжырт 295-нэ фочауэ дивизэм хэта сэлэтхэм жылэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжар. А зэманым Совет Армэм аргудандэс куэд хэтт, хахуагъэ къагъэлъагъуэу.

Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта аргудандэсхэм ящыщщ гвардием и подполковник, коммунист, Урысейм и къуажэ, къалэ куэд щхьэхуит къэщIыжыным и псэ емыблэжу хэта Елокъуэ Хъанджэрий. Абы щыхьэт тохъуэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр. Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэшхуэ орденым и I, II нагъыщэхэр, медалхэр зыхуагъэфэща Елокъуэр полкым и унафэщIт. Ар зауэм щэ уIэгъэ щыхъуащ, тIэу фэбжь щигъуэтащ. Фашистхэр зэтракъута нэужь, 1945 гъэм и шыщхьэуIум советыдзэм и зауэлIхэу Япон зауэм хэтахэм ящыщу Хъанджэрий зэуащ. Саривон къалэм и коменданту ягъэуват ар, иужькIэ Хедзие щыIэ советыдзэм и унафэщIу. Кореем щыщыIам абы ныбжьэгъу къыхуэхъуат Кореем и Правительствэм и УнафэщI Ким Ир Сен.

Аргудан къуажэ дэлъэдапIэм и сэмэгурабгъумкIэ къатитIу зэтет етIуанэ унэм щопсэу Хэку зауэшхуэм и ветеран Сунш Мэсэдин и унагъуэр. Нэхъапэм Советскэу щыта а уэрамым иджы зэрехьэ Сунш Мэсэдин и цIэр. Ар дунейм зэрехыжрэ илъэс 30-м щIигъуащ.

Мэсэдин 1940 гъэм дзэм ираджат. И Iыхьлыхэм къахуигъэхьа письмом итт ар артиллеристхэм я полк школым и курсант зэрыхъуар. Абы и унагъуэм къахуитх письмохэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъуащ, икIэм-икIэжым, зэпыупащ.

1942 гъэм пощтзехьэм письмо щимэ цIыкIу къахуехь. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар Сунш Мэсэдин зэрыщымыIэжым щыхьэт техъуэ хъыбар гуауэт... Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ Мэсэдин ягъеижауэ, мазэ зыбжани дэкIауэ, пщIыхьэпIэм хуэдэу, гуфIэгъуэшхуэ къэхъуащ - Мэсэдин зэуапIэм къикIыжащ. Ар хъыбарыншэу кIуэдат, зауэ гуащIэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури. И узыншагъэр сымаджэщым щызэфIигъэувэжа нэужь, Мэсэдин дзэм къыхагъэкIыжащ. Сунш Мэсэдин зауэ нэужьым Сталиным и цIэр зезыхьэ Аргудан колхозым и унафэщI хъуащ.

1942 гъэм Мэсэдин фронтым щызэрихьауэ щыта лIыгъэшхуэр 1965 гъэ пщIондэ хэIущIыIу хъуакъым. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 20 зэрырикъум зыхуагъэхьэзыру, «Зы зэхэуэм къриубыдэу танкибгъу» фIэщыгъэм щIэт тхыгъэ газетым къытохуэ. Ар теухуат Сунш Мэсэдин зы зэхэуэм фашистхэм я танкибгъу зэрыщикъутам. А хъыбарыр телъыджэ ящыхъуат псоми, Мэсэдин и Iыхьлыхэри и ныбжьэгъу дыдэхэри абы щыгъуазэтэкъыми. Фашистхэм щапэщIэтым зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ар тепсэлъыхьатэкъым, и щхьэ щытхъужыну къримыгъэкIуу. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ, 1965 гъэм Сунш Мэсэдин къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и I нагъыщэр. Ар Мэсэдин и япэ дамыгъэ лъапIэт, ауэ зэрытщIэщи, бронетехникэу 8 зэтезыкъута зауэлIым Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр фIащырт. Мыбдежым Мэсэдин зэран къыхуэхъуауэ къалъытэ колхоз унафэщIу щыщыта зэманым гуэдз къахыжар уэшхым зэрилъэсам къыхэкIыу суд тращIыхьауэ зэрыщытар, къэралым хэщIыныгъэ зэригъуэтамкIэ ягъэкъуаншэу. Нобэр къыздэсым а Iуэхум зыри хэплъэжакъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи.

Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Жыгун Хьэсэнбий, Къатинэ МуIэзин, Бжьэдыгъу Хьэзиз, нэгъуэщIхэри. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэхуэ-щхьэхуэу тетхыхьащ Джэдгъэф Борис. УсакIуэ, журналист цIэрыIуэм мы лэжьыгъэр имыщIамэ, Аргуданым и зауэлIхэм я хъыбархэр, зэман дэкIмэ, ящыгъупщэжыпэнкIэ хъунт.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэда, хъыбарыншэу абы щыкIуэда си къуажэгъу псоми я цIэ мы тхыгъэм къыщисIуэфынукъым. Ахэр куэд мэхъу. А зауэ гущIэгъуншэм Мэсейхэ щафIэкIуэдащ я къуэ - 11, Мэремкъулхэ, Сэбаншыхэ, ТекIужьхэ дэтхэнэми я щIалэу - 8, Бажэхэ, Бэхъуцэхэ, Бэджрэтхэ, Щхьэгъэпсэухэ - блырыбл, Iэрэмысэхэ, Арахъэхэ, Къарэхэ, Къатинэхэ - хырых, Брохэ, Долхэ, Жыгунхэ, Жылэтэжхэ, Иуазхэ, Мамхэгъхэ - тхурытху. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда арщыдандэс псоми я цIэ-унэцIэхэр япэу 1990 гъэм мэлыжьыхьым «Маяк» газетым къытехуащ. Абы и пэ къихуэу ахэр тратхат Аргудан къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и пщIантIэм щагъэува фэеплъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Фэеплъ тхылъми ихуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда е абы хъыбарыншэу щыкIуэда аргудандэс сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я цIэ-унэцIэхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр зыкIуахэр къытхэтыжкъым. Лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, цIыху екIу, жылэр зэрыгушхуэ аргудандэс куэд дунейм ехыжащ. Аргуданым Хэку зауэшхуэм и ветеранитI къудейт - Сунш Иналрэ БитIэхъу Мурадинрэ - гъащIэ нэхъ зиIари, ахэри зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжащ.

Хэку зауэшхуэм, Афган, Абхъаз зауэхэм хэтахэр, къуажэм лэжьыгъэшхуэ къыщезыхьэлIа нэхъыжьхэр ЩэнхабзэмкIэ унэм щызэхуашэсурэ «А илъэсхэм ди щхьэр хуэдвгъэгъэщхъ» къыхуеджэныгъэм щIэту ягъэлъапIэу, еджакIуэхэм Iуагъащ1эу къекIуэкIащ.

Аргудан къуажэм дэсхэм ди щхьэр яхудогъэщхъ Хэкур щхьэхуит къэщIыжыным, ТекIуэныгъэ Иныр къэхьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа зауэлI псэемыблэжхэм. Илъэс 81-рэ дэкIыжами, а зауэ хьэлъэм и фэбжьыр кIыжакъым. Мамыр гъащIэр тыгъэ къытхуэзыщIа нэхъыжьхэр къытхэмытыжми, абыхэм я фэеплъ нэхур кIуэдыжынукъым я цIэ къитIуэхукIэ, зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ дигу къэдгъэкIыжыхукIэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Кыщпэк къыщыщIэдзауэ Венэ нэс



**Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 81-рэ иджыблагъэ ирикъуащ. ТекIуэныгъэ Иным я псэ емыблэжу щIэзэуахэм ящыщщ Кыщпэкрэ Венэрэ я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэшхуэр щIыхь пылъу зыкIуа Ныбэжь Хьэжмырзэ Мэкъуауэ и къуэр.**

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-р совет цIыхубэм гуауэшхуэ къахуэзыхьа махуэт. Хэкупсэу, цIыху пэжу къэралым ис дэтхэнэри пабгъэрт фронтым кIуэуэ бийм пэщIэувэну. Зауэм щыщIидза дыдэм кыщпэкдэсхэм ящыщ куэд Iухьащ абы. А илъэсым дамышами, Ныбэжь Хьэжмырзи хущIэкъурт хэкур хуит къэщIыжыным и къару ирихьэлIэну. Зауэр къыщыхъейм щыгъуэ, ар унагъуэ хъуакIэт. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэун щIэзыдза Хьэжмырзэрэ и щхьэгъусэ Хьэмилэтрэ зэкIэлъхьэужьу къащIэхъуат хъыджэбзищ: ХьэIишэт, Татьянэ, Рае сымэ. Абыхэм ящыгуфIыкI пэтми, зэщхьэгъусэхэр щIэхъуэпсырт я лъэпкъ къуэпсым адэкIэ къыпызыщэн щIалэ яIэным. Тхьэм и фIыщIэкIэ, а гуращэр нахуапIэ яхуэхъуащ Ныбэжьхэ. 1942 гъэм абыхэм я унагъуэм къихъуащ куэдрэ зыпэплъа щIалэ цIыкIур. Хьэсанэ зыфIаща сабийм гу щихуэну хунэмысу, Хьэжмырзэ мыгувэу фронтым ираджащ икIи зауэр иухыхукIэ бийм пэщIэтащ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу.

И щхьэгъусэр зауэм щыдэкIауэ щыта махуэр иужькIэ куэдрэ игу къигъэкIыжу щытащ Хьэмилэт. Абы жиIэжу зэрыщытамкIэ, бынунагъуэм сэлам щарихыжым, Хьэжмырзэ IэплIэ яхуищIыжащ и хъыджэбзищым. ЩхьэнтэкIэ къэгъэтIылъыхьауэ пIэкум ис Хьэсанэ цIыкIу мазиплI хъуа къудейуэ арат абы щыгъуэ. «Е си хъарып цIыкIу мыгъуэ, тIэкIу унэхъ ину щытами сыт хъунт, хъыджэбзищым языхэзым ураныбжьу укъэзгъэнами аратэкъэ?.. Ди лъапсэр зыхъумэжыфын, ди лъэпкъым къыпызыщэн ухъуну Тхьэшхуэм солъэIу...» - арат абы щыгъуэ адэм сабийм жриIар, и нэпсыр къыфIекIуарэ и Iэ пхъашэр абы и щхьэфэм дилъэурэ.

Хьэжмырзэ щыдэкI дыдэм Ныбэжьхэ я пщIантIэм къыдыхьат жылэм я ефэнды Къумыкъу Исуф. Зауэ IэнатIэ хьэлъэм, псэзэпылъхьэпIэм пщэдей Iуувэну Ныбэжьым абы кърита езыр зытебжа ахъшэ жьгъей цIыкIу, къихъумэну Тхьэ зэрыхуелъэIуар къыжриIэри.

Фронтым Iут дэтхэнэ зауэлIми хуэдэу, гугъуехь куэд ишэчащ, гухэщI мымащIи игъэващ Хьэжмырзэ. Ар яхэтащ ди къэралыр хуит къэзыщIыжахэми, хамэ щIыналъэхэр фашизмэм и «бэджыхъым» къыIэщIэзыхыжахэми. Шынагъуэ куэдым къелащ Ныбэжьыр. ИтIани, сыт хуэдэ гузэвэгъуэ пэщIэхуами, щтэуэ имыщIапхъэ илэжьакъым, атIэ зэрыхуа щытыкIэ гугъум лIыгъэрэ губзыгъагъэрэ хэлъу къикIыфащ. Абыхэм ящыщ зыт ар Венэ къалэр хуит къыщащIыжым зэрыхуа щытыкIэр. УIэгъэщым къызэрыщIэкIыжрэ куэд дыдэ дэмыкIауэ, ар зауэ гуащIэм щыхэтт Австрием. ЕбгъэрыкIуэныгъэм хэт зауэлI гупым я командирыр яукIати, пашэ зыщхьэщымытыж гупыр зы напIэзыпIэкIэ щтэIэщтаблэ хъуат. Абы зэуэ гу лъызыта Ныбэжь Хьэжмырзэ унафэр къиштэри, гупыр зэщIигъэуIуащ. «Вперёд, за Родину! Алыхьыр къыддэIыпыкъунщ!» - апхуэдэу урысыбзэри адыгэбзэри зэхэту и гъусэхэр къыхуриджэри, ебгъэрыкIуэныгъэм пащауэ щытащ абы щыгъуэ, нэхъыщхьэрати, ар ехъулIэныгъэкIэ зэфIахат. АдыгэлIым къыкъуэкIа апхуэдэ лIыгъэм къыпэкIуат «Вагъуэ Плъыжь» орденымрэ Сталиным и Iэр зыщIэлъ ФIыщIэ тхылъымрэ.

Апхуэдэу лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу Хэкур бий бзаджэм щызыхъумахэм яхэтащ Хьэжмырзэ. Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэ ИнымкIэ иуха нэужь, абы къигъэзэжащ щалъхуа и щIыналъэм. Я къуажэ къыщысыжар зауэр иухыу зы илъэси дэкIыжа нэужьщ. «Вагъуэ Плъыжь» орденым нэмыщI, абы и бгъэгум щылыдырт медаль куэди. Зауэм къыщытехуа удынхэм, уIэгъэхэм я лъэужьхэр къытенат абы и щIыфэм. Нэрылъагъу дыдэт и жьэпкъым хуэкIуэу телъ дыркъуэ кIыхьыр. Ауэ а псоми асыхьэтым мыхьэнэ яIэжтэкъым. Нэхъыщхьэрати, ар псэууэ и быным къахыхьэжат. ЖиIэжу зэрыщытамкIи, ефэндым кърита жьгъей цIыкIум и фIыгъэ куэди абы хилъагъуэрт.

- Ди адэм къыздихьыжауэ щытащ къэзыхъумауэ жыхуиIэ а ахъшэр. Ар сэбэп къыхуэхъуами, Тхьэм ещIэ, ауэ, насыпыншэу къыщIэкIынтэкъыми, зауэм щызрихьэлIа гугъуехь куэдым къелри, псэууэ ди унагъуэм къихьэжащ, - и адэм и хъыбар къытхуиIуэтауэ щытащ Хьэсанэ. - Ди адэр къэкIуэжу гъуэгу здытетым, ди жылэм а лъэхъэнэм щызэхэта колхозым и тхьэмадэ Гуэщокъуэ Хьэкъубат губгъуэм ит хьэмым деж щыхуэзауэ щытащ. Абы къигъэкIуауэ жиIэри, ди деж а махуэм къыдэлъэдат зы щIалэшхуэ. Ар пощтзехьэу къуажэм диIэт. «Хьэмилэт! ГуфIапщIэ къызэт! Хьэжмырзэ хьэмым деж къэсыжауэ къокIуэж!» - кIийуэрэ къажэрт ар.

Илъэс лъандэрэ зи хъыбар имыщIэ и щхьэгъусэр къахуэкIуэжу зэхэзыха Хьэмилэт гуфIапщIэу итынут иIэм я нэхъыфIыр. Хьэжмырзэ зэригъэпэщауэ щытауэ бжэн хъушэ яIэт Ныбэжьхэ, зы ажэжь бланэ я пашэу. Ар гуфIапщIэу щIалэм иритат Хьэмилэт. ЦIыкIуу щытами, а къэхъукъащIэр Хьэсанэ и нэгум ноби щIэтщ: ажэжьым и бжьакъуэ къэгъэшахэр зи Iэблэм фIэлъ щIалэшхуэм зи фIалъэ лъакъуэхэр Iэта ажэжьыр диш хуэдэщ иджыпсту, абы зэрыжиIэмкIэ.

Тхьэм иухати, зауэми уIэгъэхэми къелри, апхуэдэу быным къахыхьэжат Хьэжмырзэ. Махуэл димыгъэкIыу ар яхыхьащ бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэзыгъэувэжхэм. Еш имыщIэу ар щылэжьащ колхозым, сыт хуэдэ IэнатIэ къыхуагъэлъэгъуами, ар зэрыригъэфIэкIуэным хущIэкъуу, пщэрылъ къыхуащI дэтхэнэ къалэнри дагъуэншэу зэфIихыу. Къэхъуащ Хьэжмырзэ и хъыджэбзхэри, нэхъыбэу зытегузэвыхьа и щIалэ закъуэри. Ахэр псори унагъуэ хъужахэщ, щIэблэ дахи къатехъукIыжащ.

Зауэм къыщытехуа уIэгъэхэр къэятэжри, 1958 гъэм дунейм ехыжащ Хьэжмырзэ. Хъыджэбзхэр унагъуэ хъуами, Хьэсанэ 8-нэ классым щIэсу арат абы щыгъуэ. ЩIалэ закъуэр къэхъуащ, и адэм и щапхъэр гъащIэ гъуазэ хуэхъуу. Абы ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетыр икIи я къуажэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ инженеру. Унагъуэ дахи иIэщ Хьэсанэ: щхьэгъусэфI, щIэныгъэфIрэ IэщIагъэ екIурэ зиIэхэу зыпхъурэ къуитIрэ.

Хьэжмырзэ илъэс 35-кIэ кIэлъыпсэужа Хьэмилэт, Тхьэм и фIыщIэкIэ, илъэгъуащ хъыджэбзхэми щIалэ закъуэми я насып куэд, къуэрылъхупхъурылъху IэфIхэр. Жьыщхьэ махуэ хъуауэ, и щIалэгъуэм имыIа тыншыгъуэр и къуэмрэ и нысэмрэ ирагъэгъуэтыжауэ, 1993 гъэм дунейм ехыжащ ар.

Хэку зауэшхуэм лIыгъэ иIэу хэта, ТекIуэныгъэ Иныр къэралым къыхуэзыхьахэм ящыща Ныбэжь Хьэжмырзэ, быныр, джэд къуртым хуэдэу, тегужьеикIауэ зэщIэзыпIа Хьэмилэт сымэ я фэеплъ нэхухэр сакъыу яхъумэ абыхэм къащIэхъуа щIэблэм, иригушхуэу, гъэсэныгъэ щапхъэ яхуэхъуу. Апхуэдэ адыгэ унагъуэхэращ лъэпкъым и къэкIуэнур зыгъэдахэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЩIэныгъэлI, журналист цIэрыIуэ

## Брат Хьэсин и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу



**Къэрэшей-Шэрджэсымрэ ди щIыналъэмрэ я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр, псом хуэмыдэу газетитIым щылажьэхэр, зэрыщIэу, зэрылъытэу, я тхыгъэхэри зэIэпахыу къогъуэгурыкIуэ. РеспубликитIми я цIыху цIэрыIуэхэр, IэщIагъэлI-щIэныгъэлIхэр зэрызэдэдгъэлъэпIэным яужь дитщ. Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ къытIэрыхьа тхыгъэ кIэщIыр. Ар КъШР-м и телевиденэм и лэжьакIуэ Къардэн Заремэ и къалэмыпэм къыщIэкIащ, нэхъыжьыфI Брат Хьэсин и ныбжьыр илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу игъэхьэзырауэ**:

«БРАТ Хьэсин Сэхьид и къуэр филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжьу щытащ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, Телевиденэмрэ радиомрэ я отличникщ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналистщ. Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым и филологие факультетыр къиухащ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу.

1957 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ хъуху республикэм и телевиденэмрэ радиомкIэ и комитетым щылэжьащ - диктору, редактору, адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр къудамэм и редактор нэхъыщхьэу. ЩIыналъэм и политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэр къэгъэлъэгъуэнращ Хьэсин и журналист къалэну щытар. ЦIыхубэм я деж нихьэсырт адыгэ IуэрыIуатэм, бзэм, макъамэм теухуа гупсысэхэр. Щэнхабзэм, егъэджэныгъэм я лэжьакIуэ куэдым, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, композиторхэм, артистхэм ятеухуа очеркхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ, Кавказым и псэущхьэхэм ехьэлIа нэтын куэд игъэхьэзыращ.

1998 гъэм щегъэжьауэ Братыр КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щылэжьащ. 2003 гъэм абы пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр («Символика огня и меча в адыгском фольклоре»). Жылагъуэ-политикэ Iуэхум ехьэлIа псалъэхэм я урыс-адыгэ-шэрджэс псалъалъэр (1984 гъэм Черкесск къыщыдэкIащ) зэхэзыгъэувахэм яхэтащ, КъШР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм ятеухуа щIэныгъэ тхыгъэхэр и къалэмыпэм къыпыкIащ.

1960 гъэ лъандэрэ ар йолэжь «Фауна в лексике черкесов» зи фIэщыгъэ тхылъитIым. Псэущхьэхэм ехьэлIа псалъэрэ абыхэм я фIэщыгъэу мини 5-м щIигъу зэхуихьэсри зэкIэлъигъэкIуащ. Псори фIыуэ дызыщыгъуазэ «Адыгэхэм я къуалэбзу щIэнгъуазэ» тхылъыр а тIум япэращ.

«ГъащIэ купщIафIэ езыхьэкI цIыху пцIыхурэ?», - жаIэрэ къызэупщIмэ, сымычэнджащэу Брат Хьэсин и цIэ къисIуэнт, - щыжеIэ Заремэ и тхыгъэм. - Къэрэшей-Шэрджэсым ис зы цIыхуи «Хэт ар?» жаIэу зэрыщIэмыупщIэнур си фIэщ мэхъу, радиожурналистыр, дикторыр, щIэныгъэлI кьызэрымыкIуэр псоми яцIыхури. Апхуэдэ цIыхум и зэфIэкIым утепсэлъыхьынри Iуэху къызэрымыкIуэщ. ГъащIэм къызэригъэлъагъуэщи, цIыху зэчиифIэм лъэныкъуэ куэдкIэ, IуэхущIафэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъызэкъуех. Адэ, хэгъэгу радио жаIэу щыщыта лъэхъэнэм, адыгэ редакцэм и журналист, и диктор Брат Хьэсин зи унагъуэ «имыхьа» щыIэжтэкъым. Абы и макъыр зэрызэхах льандэрэ адыгэ ЛевитанкIэ къоджэ, нобэ къыздэсами а цIыхубэ фIэщыгъэр хуэфащэу зэрехьэ, гъэхуауэ къеджэнымкIэ Хьэсин и Iэзагъэм зыри щхьэпрыкIыфакъыми. Журналистикэр къапщтэмэ, Брат Хьэсин и тхыгъэ газетым къытригъэдзами, радио нэтынми, щIэныгъэ тхыгъэми - абы и IэрыкIыр зыфIэмыгъэщIэгъуэна къэгъуэтыгъуейщ. Сыту? Абы жэуап етыгъуафIэщ. Хьэсин и унагъуэ библиотекэм хуэдэу тхылъ гъэтIылъыгъэ къулей ди хэгъэгум игъуэтэгъуейщ. Псом хуэмыдэу абы куэду хэлъщ тхыдэ жыжьэм, литературэм, бзэ щIэныгъэм ехьэлIахэр, художественнэ тхылъ къызэрымыкIуэхэм я гугъу сщIынкъыми. Апхуэдиз еджам, дауи, и IэрыкIхэр гъэнщIащ цIыхум сэбэп къахуэхъун щIэныгъэхэмкIэ, Хьэсин и тхыгъэхэм аращ щIэупщIэ щIаIэри.

И библиотекэм, зэджэ тхылъхэм адэкIэ я гугъу пщIымэ, зы гъэщIэгъуэн мы Iуэхум хэлъщ: тхылъ къэскIэ гупсысэ нэхъыщхьэхэр къэрэндащкIэ щыщIетхъэ, и нэхъыбэри къыхетхыкI, тетрадь щхьэхуэ иIэу. Ар Iэгъуэу сыт щыгъуи телъщ щылажьэ и стIолыщхьэм. Апхуэдиз щIэныгъэ нэгъэса зиIэм дауэ игу къэмыкIынрэт езыми тхэн щIидзэну?! Ауэ къызэрыгуэкI тхакIуэ мыхъуу, Хьэсин яхоувэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкIхэм. Радиом къыIукIыжу пенсэм тIысыжа нэужь, КъШР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым ирагъэблагъэри, илъэс пщIы бжыгъэкIэ лэжьахэм ехьэехуэу хуожьэ. КъыдигъэкIагъэххэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм къищынэмыщIа, ноби Хьэсин и стIолым телъщ къыдэгъэкIыным хуэхьэзыр тхыгъэ къызэрымыкIуэхэр. Нарт пшыналъэм, мифологием къыхэщ мафIэм ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ гъуэзэджэр, адыгэ шыпсэжьхэм, псысэжь-хъыбарыжьхэм ятеухуахэм я деж къыщыщIэдзауэ къуалэбзухэм я адыгэ фIэщыгъэцIэхэм ятеухуа тхылъ гъуэзэджэм и деж щыщIэкIыжу, цIыхухэм яIэрыхьагъэххэщ.

Сэ си тхыгъэр щIэныгъэ рецензиеу щыщымыткIэ, мы щIэныгъэрылажьэ, тхыдэдж, журналист гъэщIэгъуэныщэу, сызыдэлэжьэну си насып къихьа Брат Хьэсин здынэса ныбжь дахэм теухуауэ жысIэнуращи, Тхьэшхуэм сыхуолъэIу и гъащIэм къыхупищэну, гукъыдэж иIэу, дэрэжэгъуэ къезыт щIэныгъэ лэжьыгъэм иджыри куэдрэ пэрытыну, зэрылъэпкъыу фIыуэ ялъагъури, адыгэ жьантIэм щыдгъафIэ цIыху пэрытхэм яхэту иджыри куэдрэ абдеж дэсыну, псэуныгъэ быдэ иIэну!»

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**.

# Гушхуэныгъэ къозыт япэ лъэбакъуэхэр




**Лъэпкъыр ину зыIэтын хъыбар щызэхэпхым деж умыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Къыхаха гъуэгум Iэижь хуэхъуауэ, ехъулIэныгъэфIхэр щызрагъэгъуэтауэ къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэм къахэкIыр мащIэкъым. Ар фIыгъуэшхуэщ. Ауэ лъэпкъым и дуней зыхэщIэмрэ лъагъукIэмрэ къызыхэщ Iуэхугъуэ утыку къихьа нэужь, уогушхуапэ, ипэкIэ дызэрыкIуатэм, дызэрыщIэмыужьыхэм, зыхэдгъэхъуэн дызэриIэм дыкъызэщIиIэтэу. Апхуэдэ Iуэхугъуэ дахэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дизайнымкIэ и колледжым. Абы щагъэлъэгъуащ зи ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхъуа Къэжэр Тимур и сурэтхэр.**

АДЫГЭ щIалэщIэр «Графикэ дизайн» унэтIыныгъэм и программэр игъэзащIэу колледжым и 4-нэ курсым щоджэ. ЕджапIэм къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр Къэжэрым и япэ утыкушхуэщ. Зи зэфIэкIыр егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ гунэс ящыхъу щIалэм и сурэт 11 къызэщIиубыдащ гъэлъэгъуэныгъэм. «КIуэцIым ит къафэ псынщIэ» - аращ Iуэхугъуэ дахэм игъуэта цIэр. Узыгъэгупсысэ, узытришэну зыхущIэкъу лъагъуэр зыхуэдэр акъылкIэ къозыгъэлъыхъуэ фIэщыгъэм хуэфащэу къыщIэкIащ сурэтхэр, абыхэм къызэкIуэцIах теплъэгъуэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIащ колледжым и унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, сурэтыщI ныбжьыщIэм и ныбжьэгъухэмрэ Iыхьлыхэмрэ. Iуэхугъуэ дахэр къыщызэIуихым, еджапIэм и унафэщI Къанло Алим къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, ар махуэщIу къызэрилъытэр.

- Си гуапэу утыкур хуит хузощI куэдкIэ дызыщызыгъэгугъ щIалэщIэм. Си дежкIэ нобэрей махуэр гуфIэгъуэшхуэщ. ЗэрыеджапIэу къыдэхъулIэну дызыхущIэкъу Iуэхугъуэ щIагъуэ нэрылъагъу хъуащ. Ди гъэсэнхэм ящыщ зым лъэбакъуэ узыншэ ичащ, и IэщIагъэм хэлъ щэхухэм хуэIэзэу, и дуней лъагъукIэм и къэIуэтэкIэ хъунум щыгъуазэу, и гупсысэкIэм философие макъамэхэр къыхэIукIыу зы щIалэ утыку къихьащ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, зы цIыхум и гуащIэдэкIыр ди студентхэр тезыгъэгушхуэ Iуэхугъуэ щхьэпэу къыщIэкIащ. Тимур щIалэ дыдэми, и цIэм епхауэ гъэлъэгъуэныгъэ къызэригъэпэщыфащ, жиIэну зыхуей псомкIи и IэдакъэщIэкIхэр хуит ищIу, зыхыхьа гъуазджэ дунейм езым и макъ щигъэIуу. Сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу Къэжэрхэ я щIалэ цIыкIум и зэфIэкIыр нэхъри къызэрыкIыу, и дуней зыхэщIэр пшыналъэу къызэрылъэлъу зэрыщытынур. НыбжьыщIэ дыдэу ищIа гуращэхэм къытекI имыIэу толажьэ, абы къэрит гукъыдэжым щIэныгъэкIи зэфIэкIкIи зэрипсыхьыр хэплъагъуэу. Сыщогугъ япэ лъэбакъуэр зытеува лъагъуэр щIэх дыдэ гъуэгушхуэм хуэкIуэну, щIэмыужьыхэжу и IэдакъэщIэкIхэм я дуней дахэр куэдым къахузэIуихыну, - жиIащ Къанло Алим.

«Графикэ дизайн» унэтIыныгъэм и унафэщI Турей Рустам зеумысыж зи гъэлъэгъуэныгъэхэр утыку кърахьа щIалэм и зэфIэувэкIэ хъуар куэд зэрыщымыгугъауэ къызэрыщIэкIар.

- Пэжыр жысIэнщи, дэ дгъэхьэзырыр дизайн IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI щIалэт *(погуфIыкI)*. ИкIи, зэрыщытыр аращи, Тимур а лъэныкъуэмкIэ мыбзаджэу зыкъызэкъуихат, дизайн Iуэхугъуэхэми хъарзынэу хэгъуэзауэ езым и еплъыкIи хуиIэж хъуат. Ауэ зыкъызэIузыхыр сурэтыщIщ. ЗэрытщIэщи, технологие Iэмалхэм жэрыгъэкIэ зыщахъуэж зэман дыхопсэукI, ауэ, абы къимылъахъэу, утыку къихьа щIалэщIэм езым и дуней лъагъукIэ иIэу къыщIэкIащ, и бзэкIэ псалъэу, нэхъапэкIэ щыIа лэжьыгъэхэм запимыщIыжу. Зыщыщ лъэпкъым и дунейм къызэрыщыхъуар зэрымыгъуащэр, абы и нэщэнэхэри абстракцие Iэмал хэлъу ищIа сурэтхэм къазэрыхэщыр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дыщыпсэу ЩIы хъурейм тетхэр зыкъомкIэ зэщхьу псалъэ, зэхуэдэу гупсысэ хъуащ, жыпIэмэ пцIыупс ухъунукъым - абы дыхуэзышар интернетымрэ технологиехэмрэщ. Ауэ, пэжщ, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм я гъунапкъэхэр иджыри къыхыболъагъукI, урикIуэж къудеймэ, IупщIу къыхэщыну. Тимур и IэдакъэщIэкIхэр а гъунапкъэхэм ирикIуэ хуэдэщ, дунейпсо лъапIэныгъэхэри, лъэпкъ нэщэнэхэри, унэй еплъыкIэхэри щызэхэухуэна хъуащ. Дыщогугъ дяпэкIи нэхъыфIыжкIэ икIи нэхъыбэжкIэ и гуащIэр къызэрыкIыну, - жиIащ Турей Рустам.

Езы Къэжэр Тимур псалъэ щратым, къыхигъэщащ сурэт щIыным зэрыдихьэхрэ илъэсым мащIэ дыдэ фIэкIа зэрыщIимыгъуар. Ауэ а далэм кърииубыдэу абы хузэфIэкIащ и хъэтI къигъуэтыжыну: абы сурэтым трищIыхь теплъэгъуэхэр къатыбэщ, зыхэщIэ ин дыдэ яIэщ, плъыфэхэр щызэщIожьыуэ, зэфIигъэкIа хуэдэу къыпщыхъу зы Iыхьэ гуэрым ирита плъыфэм нэгъуэщI плъыфэ трилъхьэурэ жыджэру зэрелэжьар къыхощ.

- КъысхуэкIуэ гупсысэхэр ищIыIукIэ къыщыхъу Iуэхугъуэхэм къызэрысхухэмыхыр къыжысIэну сыхуейт. ЦIыхур зы щытыкIэ гуэр йоувэ, зыхищIэмрэ зэгупсысымрэ къызэриIуэтэн Iэмалыр зэуэ къыхуэмыгъуэту. Апхуэдэм деж, къызэрысфIэщIымкIэ, ар и кIуэцIым къыщекIуэкI дунейм хелъасэ, къыхэкIыжыну щыхуэмеи къэхъуу. Си сурэтхэм щыфлъагъу теплъэгъуэхэм экспрессие жыхуаIэ Iэмал куэд хэлъщ, сыту жыпIэмэ а сызэгупсысхэр жыкурийм хуэдэу, сыкърахьэкI, напIэзыпIэм кърииубыдэу зы щIыпIэм срахри, нэгъуэщIыпIэ сынахьэс. Ар къафэ псынщIэм хузогъадэри, аращ сурэт зэужьым «КIуэцIым ит къафэ псынщIэ» щIыфIэсщар. Зэ сыдихьэхмэ, сызыIэпишэмэ, чымпэлэр чэтэным къытезмыхыу сыхьэтбжыгъэкIэсыкIэрытыфынущ. Теплъэгъуэхэм хэфлъагъуэ тхъахуэхэр а сызыIэпызыша гурыщIэхэм я лъэужьщ, - жиIащ Къэжэр Тимур.

Сурэт гъэлъэгъуэныгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, купщIэр къэлъыхъуэнымрэ абыкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну зыщыгугъ сурэт еплъымрэ я уэршэрым тещIыхьащ. Курыхыр къигъэлъагъуэу пIэрэ зыхужыпIэну сурэтхэм ящыщщ «Сыт ухуэдэ, си гъатхэ?» зыфIищар. Ар ЩIы хъурейм ирит упщIэщ, нэхум хуигъазэу, дахагъэм хуишэу, а псом езы сурэтыщIми и увыIэпIэ къыщилъыхъуэу. Мыужьыхыжу гур зыгъэпIэжьажьэ хъыбаркIэ гъэнщIащ махуэр, абы мастэпэм упысу фIэкIа нэгъуэщIу къыпщымыхъужу щытыкIэ хьэлъэ урегъэувэ. А гузэхэщIэ Iэтыгъуейр зэбгрызыху дыгъэ бзийм ещхьщ зи гугъу тщIа сурэтыр, уигъэгугъэу, уигъэхуабэу, уигъафIэу.

«Жьыкурий» - аращ зэреджэр зи зэхэщIэр гуащIэ дыдэу сурэтеплъым пкърыхьэ етIуанэ теплъэгъуэр. Сурэтыр зыщIа Тимур зэрыжиIэмкIэ, ар сыхьэт бжыгъэ зыбжанэкIэ зэлэжьа теплъэгъуэщ, зыхуишэр къыгурымыIуэу, ауэ кърихыну зыхуеймкIэ и акъылыр теубыдауэ щыту. «Сыхуейт гур зыгъэIэсэ тыншыгъуэ, псынщIагъуэ гуэр нобэм екIуэкIым къыхэсхыну, мис абы и архъуанэм сыхэтащ, сызыхуейр къэзгъуэту сыкъридзыжыху», - жеIэ Къэжэрым.

Сурэт щIыным зэрыдихьэхам, абы хуэзышам и гугъу щищIкIэ, и гъэсакIуэ-унэтIакIуэхэм я жьауэм зэрыщIэтар, я еплъыкIэхэр зэрызыхищIар жеIэ Тимур. Апхуэдэу абы хэхауэ фIыщIэ хуещI и егъэджакIуэ Турей Рустам. Экспрессионизмэм и классикыу къалъытэ Баски Жан-Мишель и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зэрилъагъур, абыхэм я ныбжь къызэрытридзэр умылъагъункIэ Iэмал иIэкъым Тимур и сурэтхэм ущеплъкIэ. Баски цIэрыIуэ зыщIар и сурэтхэр плъыфэ мащIэкIэ къопсалъэ зэрищIыфрат. Тимур и сурэтхэм иджыри а куэдыр мащIэу къэзыIуэтэфын Iэмалыр къалъыхъуэу къыщIэкIынущ, ауэ плъыфэхэр тексту къызэрыпхыщым шэч хэлъкъым. Ар зи IэщIагъэм Iэижь хуэхъуа цIыхум и нэщэнэщ.

Колледжым и лэжьакIуэ Кхъуэжь Дианэ аращ гу зылъыдигъатэри.

- Тимур езыр щIалэ къабзэщ, нэхущ, пэжщ. Мис а нэхугъэмрэ пэжагъымрэ и сурэтым зэрыхилъхьэфыр дэркIэ нэгъэсауэ тыгъэшхуэщ, тIэкIу дэкIмэ, хужымыIэжыфын е Iуэхум хуиIэ еплъыкIэм нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ хуигъуэта нэужь хузэмыгъэпэщыжын пэж куэд теплъэгъуэхэм къаIуатэри. Гъуазджэм хыхьа цIыхум и гъуэгур хужьрэ фIыцIэу щызэхэкIыр зэзэмызэ дыдэщ, ар плъыфэ куэду зэхэтщи, а дуней щхъуэкIэплъыкIэр хэмыкIуэдэжыну си гуапэщ, - къыхигъэщащ Кхъуэжь Дианэ.

«КIуэцIым ит къафэ псынщIэр» макъыщIэщ, гузэхэщIэ лъэщ къыуату, къащIэIукI макъамэр зыхуэпхьынумкIэ зыми хуэмыдэж хуитыныгъэ къыуату. Адыгэ щIалэщIэр зыхэт дунейм лъэпкъ гупсысэм хуэфащэ щIыпIэ зэрыщигъуэтым къыдэкIуэу, езым и хъэтIрэ и еплъыкIэкIэ гъуазджэ гъащIэм къызэрыхэувэр Iэджэ и уасэщ. Адыгэ щIалэщIэм гушхуэныгъэ къозыт япэ лъэбакъуэхэр ичакIэщ. Ауэ абы дяпэкIэщ нэхъри зыщиужьынури, дохъуэхъу зытет гъуэгум фIыгъуэбэр къыхудэкIуэну, лъэпкъым хуэфэщэн щIалэ зэчиифIи къыхэкIыну.

**ШУРДЫМ Динэ**.




● Шхыныгъуэ

# Хьэгулывэ хьэнтхъупс

ФIЫУЭ лъэса хьэгулывэр псы къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр щабэ ящIри, сыхьэтитIщы нэблагъэкIэ ягъавэ, щIэхщIэхыурэ тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыгъу хадзэри, Iув хъуху ягъавэ. ИтIанэ зэIащIэурэ шэ гъэпщта щIакIэ. Ягъавэ хьэзыр хъуху - дакъикъэ пщыкIутху-пщыкIухкIэ, шэр къимыкIын щхьэкIэ зэзэмызэ зэIащIэурэ.

Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри, шыуанышцхьэр тепIауэ дакъикъиплI-тхукIэ щагъэт.

Хьэнтхъупсыр зэIащIэ, фалъэ иракIэ, абы шатэпс тракIэжри, пщтыру ираф. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.



***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** хьэгулывэу - г 40, псыуэ - г 600, шэ щIэмыхуу - г 400, шатэпсу - г 40, шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз. тхъууэ - г 20, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 20, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

● Къуалэбзухэр

# Адэжынэ



АДЭЖЫНЭР мэзджэд лъэпкъым щыщщ. Жыгым щыпытIысхьэр зэзэмызэ дыдэщ. И щIыбыр щхъуэгъуабжафэщ, фIыцIафэ къыщIэуэу, пщэ гупэр гъуэжьыфэщ, хулъащхьэр щхъуэщ. Щопсэу Европэм, Азие ЦIыкIум, Ираным, нэгъуэщI щIыпIэхэми. И нэхъыбэм лъэтэжыркъым, атIэ Iэпхъуэу аращ. Ди къэралым и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэхэу уэсыр куэду къыздесымкIэ щыIэхэр ипщэкIэ къолъатэри, щIымахуэр щрах Ипщэ Украинэм, Кавказыкум, Курыт Азием. Адэжынэхэм нэхъ бэгъуэгъуафIэ ди къуалэбзухэм яхэмытми (зэ гъуэлъхьэгъуэр джэдыкIэ 24-м нос), я бжыгъэм кIуэ пэтми хощI, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу.

Адрей джэд теплъэ зиIэ къуалэбзухэм елъытауэ адэжынэр нэхъ щымащIэщ Кавказыкум. Абыхэм нэхъ ущрохьэлIэ мэкъупIэхэм, хьэсэпкъхэм, чыцалъэхэм, псыхъуэхэм. Я шхыныгъуэ нэхъыщхьэр: удз тхьэмпэ, гъавэхэкI, хьэпщхупщ.

«Адэжынэм и гъащIэр Тхьэм уигъэгъэунэху» гыбзэм къикIыр «шынагъуэ зэпымычым ухэмыкIыу упсэу» жыхуиIэщ.

● ГушыIэ

## Гъэмахуэм хуабэ дыдэ мэхъу

ЩIымахуэт. Хъуэжэ и деж и цIыхугъэ гуэр хьэщIэу къеблэгъат. Унагъуэ бейм къыхэкIа, пэш хуабэм щыпсэууэ еса хьэщIэм игу ирихьакъым Хъуэжэ и хьэщIэщ щIыIэр. ИужькIэ зыхуэмышыIэу ар Хъуэжэ къеупщIащ:

- Дауэ мыпхуэдэ пэш щIыIэм фыщIэсыф? Сыт щыгъуи мыпхуэдэу щIыIэ фи пэшыр? - жиIэри.

- Хьэуэ, сыт щыгъуи щIыIэкъым, гъэмахуэм хуабэ дыдэ мэхъу, - жиIащ Хъуэжэ.

● ЖыIэгъуэхэр

## Гугъэр псэм и щIасэщ

♦**Нэпсейр мылъкукIэ щIэбгъэнами, зыгуэр къыхуэту къыщохъу.**
♦**ПщIэ зыхуамыщI нэхъыжьым и унафэр гъэзэщIэгъуейщ.**
♦**Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэшыгъуафIэщ.**
♦**УимыIэм утегузэвыхь нэхърэ, уиIэм щыгуфIыкI.**
♦**Унафэ зыхуэмыщIыр унафэ щIынкIэ ерыщщ.**
♦**ФIыщIэ нэхъ зыхуэфащэр игу пымыкIыр зытыфырщ.**
♦**Гугъэр псэм и щIасэщ.**

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Фэ фщIэрэ?

## ЩIы хъурейм и «тхьэмбылхэр»

МЭЗХЭМ я мыхьэнэм лейуэ утемыпсэлъыхьми хъуну къыщIэкIынщ. ЩIы хъурейм и «тхьэмбылу» ауэ сытми къалъытэркъым ахэр - жыг тхьэмпэхэм гъуэзхэр зыщIашэри, хьэуа къабзэ «къалэжь».

ЦIыхум дежкIэ псом хуэмыдэу сэбэпщ уэздыгъейхэр, и щхьэусыгъуэри зэран къытхуэхъу микроорганизмхэр зыукI фитонцидхэр абыхэм къызэралэжьырщ. Уеблэмэ абыхэм яукI жьэн узыр къэзыгъэхъейхэри.

ЩIыуэпсым кIэлъыплъ IэщIагъэлIхэм къызэрахутамкIэ, уэздыгъейхэр щыкуэд мэзым и хьэуар дагъуэншэщ. Псейхэмрэ уэздыгъейхэмрэ зэбэкI мэзхэм къыщикIухьыныр цIыхум и узыншагъэм дежкIэ сэбэпышхуэщ - абы псантхуэм зрегъэгъэпсэху, къытегуплIа гузавэхэр щхьэщех. Апхуэдэ щIыпIэхэм нэхъ щIэх-щIэхыурэ кIуэныр псом хуэмыдэу къахуэщхьэпэнущ зэман куэд лэжьапIэхэм щызыгъакIуэхэм, тутынафэхэм.

ЩIэныгъэлIхэм къахутахэм ящыщщ уэздыгъейхэм къапыкIэ шыкIуртIымым щхьэ куцIым ехьэлIа узыфэ зиIэхэри зэригъэхъужыр, уеблэмэ инсульт хъуахэми сэбэп зэрахуэхъур.

Уэздыгъейр къулейщ В, С, А, Е, К, Р витаминхэмкIэ. Мэзым къыщыкI жыгхэм я мызакъуэу, къраупщIыкIа уэздыгъейхэри сэбэпщ. Абы и пхъэм хэлъщ ди IэпкълъэпкъыР зыгъэкъабзэ дигидрокверцетин пкъыгъуэр.

Мыри гъэщIэгъуэнщ: уэздыгъей мэзым и хьэуамрэ къалэдэсхэр зэрыбауэмрэ зэрагъэпщати, етIуанэр уеблэмэ цIыхум и узыншагъэр зэтезыкъутэу къалъытащ щIэныгъэлIхэм.

**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Данэ.**

● Эзоп и хъуэр

## Бгъэмрэ цIывымрэ

БГЪЭМ тхьэкIумэкIыхьыр ирихужьауэ ихурт. ТхьэкIумэкIыхьыр ажалым къыIэщIэзыгъэкIын дунейм тетыжтэкъыми, псэ зыIуту къыIэщIэлъэгъуа цIывым - вэнвейм хэпэщэщыхьу хэсым - къригъэлыну елъэIуащ. ЦIывым тхьэкIумэкIыхьыр къызэрелъэIуар апхуэдизкIэ игъэщIэгъуати, абы къигъэгушхуауэ, мышынэу мо бгъэшхуэм елъэIуу щIидзащ, мо къыщыжыну къелъэIум емыIусэну. АрщхьэкIэ бгъэм афIэкIа шэрей зимыIэ къыщыжакIуэм гу лъитэну и щхьэ тримылъхьэу, тхьэкIумэкIыхьыр ишхри ежьэжащ.

Ауэ бгъэм и жагъуэ, Iумпэм къызэрищIар, къызэригъэщIэхъуар цIывым щыгъупщакъым: емызэшу бгъэм кIэлъыплъурэ, модрейм и джэдыкIэхэр и абгъуэм щигъэтIылъыху, дэлъэтейрти, кърегъэжэхыурэ икъутэрт. ИкIэм-икIэжым, бгъэм щыхуэмыхьыжым, псэхугъуэ щимыгъуэтыжым, езы Зевс дыдэм деж лъатэри, елъэIуащ и джэдыкIэхэр къыщришын, цIывыр здынэмысын тIысыпIэ къыхуигъуэтыну. Зевс бгъэр хуит ищIащ и гуфIакIэм и джэдыкIэхэр дилъхьэну. ЦIывым ар илъагъущ, вэнвей игъэкIэрахъуэурэ джэдыкIэ хуэдиз хъурейуэ ищIри, Зевс деж дэлъэтейри, и гуфIакIэм дидзащ. Зевс и гуфIакIэм къыдадза вэнвей хъурейр зыкIэригъэщэщын щхьэкIэ къэтэджри, бгъэм и джэдыкIэхэр къыIэпыхури икъутащ. Абы лъандэрэ, зэрыжаIэмкIэ, цIывхэр къыщежьэ зэманым бгъэхэм абгъуэ ящIыжыркъым.

Хъуэрым къуеIуэкI зыри тегушхуэгъуафIэ, Iумпэм пщIы, бгъэикIэ зэрымыхъунур, и жагъуэ къэзыщIам, лей къезыхам жэуап иримытыжыфын, илъ хуэмыщIэжыфын хуэдизу апхуэдэ дыдэу къаруншэ-зэфIэкIыншэ дунейм зэрытемытыр.

***Адыгэми жеIэ: «ЦIыкIущ» жыпIэу утемыгушхуэ, «инщ» жыпIэу ущымышынэ».***

**ХЬЭТУ Пётр.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Псэр ..., напэ къащэху. **4**. ГъуэгунапщIэ сабэм мэкъу щеуэркъым, ер зэуа жыгым ... къыпыкIэркъым. **6**. ... и кIапэр щыдэуейм, бжэныр дыхьэшхащ. **9**. ... нэхур «благъэщ» жыпIэу умыкIуэ, хьэ банэ макъыр «жыжьэщ» жыпIэу къыумыгъанэ. **10**. Махуэ псом зэрагъэпцIар чыцI ... икъутэжащ. **11**. Гъатхэ ... гъуанэщ. **12**. Псалъэ лейм ... лей даIэтыркъым. **16**. Унэм ... хасэурэ губгъуэм ... къосыж. **17**. Iуэху ... зымыщIэр Iуэху щIэным егъалIэ. **18**. Акъыл зиIэм ... щыIэкъым. **21**. ... псори зы анэм къилъхуркъым. **22**. Мыщэм зыщихъумэурэ ... ихуащ.

***Къехыу:*** **2**. Уэс ... лъэужь щыIэщ. **3**. Делэм куэд ... къыфIощIыж. **4**. КIыщ ... унэщ. **5**. Лэжьыгъэу ... зы нэдым ихуэркъым, щIэныгъэу ... зы цIыхум ищIэркъым. **6**. Зэхьэзэхуэ ..., зэижитI мэунэхъу. **7**. Джэдур ... лъэмыIэсмэ, «мэ щоу» жеIэ. **8**. Выжь и ... выщIэ и уасэщ. **13**. Уи ... гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ. **14**. Псышхуэм ... цIыкIу хокIуадэ. **15**. МацIэм хэуэри, ... закъуэр иукIащ. **19**. Мывэ къуршым ... трасэркъым. **20**. ... имыщтэ кIуэдыркъым.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Накъыгъэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **6**. ЩIыхуэ. **7**. Iумыл. **8**. Бжьы. **9**. Щыкъун. **11**. Къунан. **14**. ВагъуэкIапсэ. **17**. Бжэн. **18**. Епэр. **19**. Пхъужь. **21**. Залэ. **23**. Пщае.

***Къехыу:*** **1**. ПщIащэ. **2**. Шху. **3**. ЛIыжь. **4**. Къум. **5**. Бланэ. **10**. Къумахуэ. **12**. «Насып». **13**. АкIэ. **15**. Абазэ. **17**. Аргъей. **19**. Хъуэр. **21**. Лы. **23**. Щэ.

